ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№7 (24.913) • 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 24, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## И чэзум икIи нэсу щагъэгъуазэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК къудамэм и унафэщI Суйдым Беслъэн.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ республикэм гъэзэщIа зэрыщыхъур хъыбарегъащIэ IэнатIэм хэIущIыIу щыщIыным епха Iуэхухэм. Хэхауэ гулъытэ хуащIащ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм - экономикэм, социальнэ политикэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, узыншагъэр хъумэным - щызыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр и чэзум икIи нэсу щыгъуазэ щIын зэрыхуейм.

Щхьэхуэу къытеувыIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я лIыхъужьыгъэмрэ зауэлIхэм защIэзыгъакъуэ волонтерхэм я мыхьэнэмрэ къэгъэлъэгъуэным. Апхуэдэ нэтынхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ жылагъуэр зэкъуэгъэувэнымрэ хэкупсагъэр яхэпщэнымкIэ.

КъимыдэкIэ, лъэныкъуэхэм и гугъу ящIащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыхилъхьам, хыхьэу ягъэхьэзырыну телерадио нэтынхэм.

«Нэтынхэм я купщIэр тегъэщIауэ щытын хуейщ къыддекIуэкI хабзэхэм я лъапIагъымрэ урысей цIыхухэр зэрызэкъуэтымрэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм я щэнхабзэ щIэинхэм я мыхьэнэр зыхозыгъащIэу щытыпхъэщ», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым.

● Дызэкъуэту

## БгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ дэтхэнэми къыхуагъуэт

**«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм 2025 гъэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэу къызэригъэпэщар зыхуэдэр къызэщIекъуэж.**

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, фондым лэжьэн зэрыщIидзэрэ ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ медицинэ, психологие дэIэпыкъуныгъэ и лъэныкъуэкIэ Iуэхушхуэ куэд зэфIахащ.

2025 гъэм цIыху мин 64-м щIигъум я узыншагъэр къапщытащ, ар 2024 гъэм яхузэфIэкIам хуэдитIкIэ нэхъыбэщ.

Я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэжыну медицинэ IуэхущIапIэхэм ветеран мин 25-м щIигъу ягъэкIуащ (ипэ ита илъэсым нэхърэ хуэдищкIэ нэхъыбэщ). ЦIыху мин 13-м щIигъу санаторэхэм зыщрагъэгъэпсэхуащ.

Фондым и къудамэхэм медицинэ щIэныгъэ зиIэ психолог 400 щолажьэ, ахэр ядоIэпыкъу лIыхъужьхэми абыхэм я Iыхьлыхэми. Мы гъэм фондым иджыри егъэджакIуэ-психолог 300 Iуэхум къришэлIащ, сабий зиIэ унагъуэхэм дагъэIэпыкъун мурадкIэ.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм СВО-м и ветеранхэм я узыншагъэр къэпщытэнымкIэ Iуэхутхьэбзэ 485-рэ къызэригъэпэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и райониплIым я узыншагъэр щрагъэфIэкIуащ цIыху 38-м. Санаторэхэм зыщагъэхъужыну лIыхъужьи 180-рэ ягъэкIуащ. КъищынэмыщIауэ, 2025 гъэм «Грушевая роща» санаторэм зыщагъэпсэхуащ дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я унагъуэхэм щыщ цIыхуи 117-м.

ЩIыналъэ къудамэм психологи 3 щхьэхуэу иIэщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы къыхэкIыжахэм, хэкIуэдахэм, хъыбарыншэхэм я унагъуэхэм ядэлажьэу. Нэгъабэ психолого-психиатр дэIэпыкъуныгъэ иратащ цIыху 698-м. Психиатриемрэ наркологиемкIэ республикэ клиникэ центрым дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэ щагъуэтащ цIыху 83-м.

Сабий зиIэ унагъуэхэм гулъытэ яхуищIынымкIэ щIыналъэ фондым Iэмал иIэщ «Психолого-медико-социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ центр» IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэр Iуэхум къыхишэну.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и унафэщI Цивилевэ Аннэ жеIэ: «Ди хъумакIуэхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ гулъытэ зэрахуэтщIымрэ дэIэпыкъуэгъу дазэрыхуэхъу Iэмалхэмрэ къэралым щедгъэфIакIуэ зэпытщ. Абыхэм зэрызащIэдгъакъуэр купщIафIэу икIи и чэзум яIэрыхьэу щытын хуейщ. Фондым и лэжьакIуэхэм зыкъыхуэзыгъазэ дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ худиIэщ, ахэр арэзы тщIынымкIэ министерствэхэр, щIыналъэ къудамэхэр, жылагъуэ IуэхущIапIэхэр къыддоIэпыкъу. Дэ дыхущIокъу лIыхъужьхэм я узыншагъэр зэрырагъэфIэкIуэжыну Iэмал нэхъыфI дыдэхэр къызэрыдгъэсэбэпыным. Шэч хэмылъу, адэкIи абы дытету дылэжьэнущ».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## Я нэIэ трагъэтщ пIалъэмрэ фIагъымрэ

**IэнатIэм 2025 гъэм щызэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм, дызыхыхьа илъэсым къапэщыт къалэнхэм щытепсэлъыхьащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлёв Андрейрэ я зэIущIэм.**

ИЛЪЭС кIуам зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ курыт школих зэращIар, цIыху 500-м зэуэ щакIэлъыплъыфыну поликлиникэ Налшык зэрыщаухуар, Кэнжэ амбулаторэщIэ зэрыщатар. Дызэрыт илъэсым яухыну я мурадщ ухуэныгъэшхуэр – лышх узыфэр зыпкъырытхэм щеIэзэ диспансерыр.

Коммунальнэ IэнатIэм и гугъу пщIымэ, зэхъуэкIыныгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ - къагъэсэбэпа псыр зэрыIуаш бжьамийхэр щызэрахъуэкIащ Азау хуейм къыщыщIэдзауэ Эльбрус къуажэм нэс, езы жылэми апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. «Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал программэм ипкъ иткIэ къагъэщIэрэщIэжащ жылэ 15-м псы зэрыкIуэ бжьамийхэр, ахэр псори зэхэту километр 84-м ноблагъэ. 2026 гъэм псы зэрыкIуэ бжьамиищIэхэр щаукъуэдиину, щыIэхэр щызэрагъэпэщыжыну я мурадщ щIыпIэ 12-м, псори зэхэту километр 35,2-рэ хъууэ, апхуэдэу Бахъсэн псы гуэшыпIэ зэхэтми лэжьыгъэхэм щыпащэнущ.

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хыхьэу зэIузэпэщ ящIащ жылагъуэ щIыпIэу 40, «Псым IэплIэ къыпхуещI» проектри Шэджэм щагъэзэщIащ. 2026 гъэм цIыху зэхуэсыпIэу 35-рэ зыхуей хуагъэзэну, къалэхэр ущыпсэуну тынш щIыным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкIа Х Урысейпсо зэпеуэм щытекIуа проектищ - «Экстрим-парт» Налшык, «Къалэм уиутIыпщыркъым» Шэджэм, «Заря Парк» Май къалэм - щаухуэну яубзыхуащ.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Казбек КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм пщэрылъ щищIащ ухуэныгъэ псори яубзыхуа пIалъэм изагъэу ирагъэкIуэкIынымрэ лэжьыгъэхэм я фIагъымрэ я нэIэ трагъэтыну.

## Шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщхэр

**«Нобэ сыIущIащ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм Кавказ Ищхъэрэм щаIэ къудамэм, Жуковым и орденыр зезыхьэм, и командующэ, генерал-полковник Спиридонов Владимир.**

АДЭКIИ дызэрызэдэлэжьэнум теухуа Iуэхухэм дытепсэлъыхьащ. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным теухуа къалэнхэм я гугъу тщIащ.

Гулъытэ хэха хуэтщIащ цIыху куэд зыхэт зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIкIэ хабзэр гъэбыдэным, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным теухуа лэжьыгъэхэри зэщIыгъуу зэдегъэкIуэкIыным.

КъищынэмыщIауэ, дытепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэми.

Спиридонов Владимири, Урысей гвардием и дзэхэу округми республикэми щыIэхэм къулыкъу щызыщIэхэми, ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэр, ди цIыхухэм я мамыр псэукIэр Iэщэ яIыгъыу зыхъумэ ди щIалэ псоми фIыщIэ яхуэсщIащ. Абыхэм сехъуэхъуащ я къулыкъум ехъулIэныгъэхэр щаIэну, я Iуэху сыткIи зэпэщ хъуну», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек интернетым щиIэ напэкIуэцIым.

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**
**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 942-рэ кIэпIейкIэ 35-рэ;**
**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 860-рэ кIэпIейкIэ 15-рэ.**

**Ди индексыр П5894**

# Сымаджэщхэр зыхуей хуагъазэ, Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэlущlэр зэхэтащ. Абы «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкlэ Iэнатlэр зэрыщрагъэфlакlуэм.**



ЗЭIУЩIЭР къыщызэlуихым, **Егоровэ Татьянэ** жиlащ медицинэ дэlэпыкъуныгъэр фlыуэ икlи и чэзум цlыхум игъуэтын папщlэ lуэхущlапlэхэм зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ зэраlэр.

- Иужьрей илъэсхэм щlыналъэм лэжьыгъэшхуэ щокlуэкl, цlыхухэр щагъэхъуж lуэхущlапlэхэр ухуэным, зэгъэпэщыжыным, егъэфlэкlуэным ехьэлlауэ, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Язынькъуэ lуэхущlапlэхэм дыщыlащ, лэжьыгъэр абыхэм зэрыщызэтеухуам зыщыдгъэгъуазэу. Къыхэгъэщын хуейщ нобэ республикэм ехъулlэныгъэфl абы и лъэныкъуэкlэ зэриlэр. Ухуэныгъэщlэхэмрэ ахэр иджырей медицинэ lэмэпсымэхэмкlэ къызэрызэгъэпэщамрэ къагъэлъагъуэу къызолъытэ ди ехъулlэныгъэхэр зыхуэдэр. Цlыхухэм я узыншагъэр къызэрапщытэм и бжыгъэри зыхэпщlэу нэхъыбэ хъуащ, абы и фlыгъэкlэ узыфэхэр пасэу къахутэ. Абыи мыхьэнэшхуэ иlэщ. Ауэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым гугъуехьхэр зэрыщыlэри. Псом хуэмыдэу lэщlагъэлlхэр гъэхьэзырыным, медицинэ лэжьакlуэхэм я lэзагъэм хегъэгъэхъуэным епхауэ. Иужьрейр къыщlыхэзгъэщар медицинэ lэмалыщlэхэмрэ lэмэпсымэхэмрэ къызэрежьэрщ, абыхэм дыхуэlэкlуэлъакlуэу зэрыщытыпхъэрщ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкlэ и министр **Къалэбатэ Рустам** къыщыпсалъэм жиlащ: «lуэхущlапlэщlэхэр ухуэныр, медицинэ lэмэпсымэщlэхэмкlэ ахэр къызэгъэпэщыныр, сымаджэщхэр зэгъэпэщыжыныр - мы лэжьыгъэхэр зэфlыдох «Гъащlэ узыншэ», «Унагъуэ» лъэпкъ lуэхухэм япкъ иткlэ. Ди щlыналъэр федеральнэ lуэхуи 9-м хэтащ, тхур сымаджэщхэр егъэфlэкlуэным теухуауэ».

2025 гъэм «Гъащlэ узыншэ» лъэпкъ lуэхум ипкъ иткlэ, зэлэжьыпхъэхэм сом зы мелардым щlигъу трагъэкlуэдащ, 2026 гъэм сом мелард 1,8-рэ хухахыну я мурадщ.

Поликлиникэхэм, амбулаторэхэм, ФАП-хэм я лэжьыгъэр ирагъэфlэкlуэн папщlэ, нэгъабэ санитар автотранспорт 14 къащэхуащ, медицинэ lэмэпсымэ 36-рэ ягъэуващ.

Налшык къалэм щаухуащ республикэми Кавказ Ищхъэрэми щынэхъ ин дыдэ поликлиникэр. Ар къызэрагъэпэщащ узыншагъэр къызэрапщытэ иджырей lэмэпсымэхэмкlэ (компьютер томограф яхэту). lуэхущlапlэм эндоскопие къудамэри хэтщ, республикэм ис псоми зыхуей lуэхутхьэбзэхэр щагъуэту.

Амбулаторэщlэу 8 яухуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, и пlалъэр къэмысу, фокlадэм, абыхэм лэжьэн зэрыщlрагъадзэфар, икlи узыншагъэр хъумэнымкlэ lуэхущlапlэхэр зыухуэ щlыналъэ нэхъыфlхэм ди республикэр ящыщу къызэралъытар.

Проектыр ягъэзэщlэн зэрыщlадзэрэ, lуэхущlапlэу яухуамрэ зыхуей хуагъэзамрэ 15 мэхъу, 39-рэ зэрагъэпэщыжащ, lэмэпсымэ зэмылlэужьыгъуэу 250-м щlигъурэ автотранспорт 94-рэ къащэхуащ.

2026 гъэм я мурадхэм къыщытеувыlэм, министрым жиlащ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр lуэхущlапlэу 6-м зэрыщыщlадзар, абыхэм яхэтщ Бахъсэн районым и сымаджэщ нэхъыщхьэм и къудамэмрэ Шэджэм къалэм и сабий поликлиникэмрэ. 2030 гъэ пщlондэ lуэхущlапlэу 34-рэ яухуэнущ, 23-рэ зэрагъэпэщыжынущ.

Министрыр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ лыш узыфэхэр пасэу къахутэным щlыналъэм зэрыщелэжь щlыкlэм. Цlыхухэм я узыншагъэр зытрагъэувэж lэмалыщlэхэм хуэкlуэным тещlыхьауэ, 2025 гъэм Прохладнэ районым и сымаджэщ нэхъыщхьэм папщlэ lэмэпсымэ 33-рэ къащэхуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, узыншагъэр щрагъэфlакlуэ къудамиблри зыхэт медицинэ lуэхущlапlэхэр зыхуей lэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщащ. Дызэрыт илъэсым Налшык къалэм и поликлиникэ №1-м и амбулаторэ къудамэр зыхуэныкъуэ lэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщынущ.

«Медицинэ дэlэпыкъуныгъэ псынщlэр егъэфlэкlуэн» lуэхум ипкъ иткlэ, федеральнэ ахъшэ хухахри, Республикэ клиникэ сымаджэщым и приёмнэ къудамэр зыхуей хуагъэзащ, lэмэпсымэхэм я нэхъыфlу 143-рэ къащэхуащ. А лэжьыгъэр ехъулlэныгъэ яlэу зэрагъэзэщlам и фlыгъэщ республикэр япэ ит щlыналъищым зэрыхалъытар.

«Узыншагъэр дэтхэнэми» щlыналъэ lуэхум хыхьэу, Налшык къалэм и поликлиникэ №1-м Балигъхэм я узыншагъэм кlэлъыплъынымкlэ и центрым lэмэпсымэхэр къыхуащэхуащ.

«Унагъуэ» щlыналъэ lуэхум ипкъ иткlэ, республикэм щагъэзащlэ «Анэмрэ сабиигъуэмрэ хъумэн» лэжьыгъэр. Ар хуэгъэзащ къэралым сабийуэ къыхэхъуэм теухуауэ и lуэхур егъэфlэкlуэным. Каменномост, Нартан, Дыгулыбгъуей къуажэдэс цlыхубзхэм я узыншагъэм кlэлъыплъыныр тэмэму къызэгъэпэща хъун щхьэкlэ lэмэпсымэхэр къащэхуащ, Къэщкъэтау, Анзорей жылэхэм телемедицинэ чэнджэщ щагъуэтыну ягъэпсащ. Къыкlэлъыкlуэу а лэжьыгъэр щызэтраублэнущ Прималкинскэ, Зеикъуэ къуажэхэми.

Мы гъэм я мурадщ Перинатальнэ центрыр зыхуей lэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщыну. УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм абы теухуа зэгурыlуэныгъэ иращlылlащ. 2028 гъэм сабий поликлиникэм и къудамищым къыхуащэхунущ зыхуей lэмэпсымэхэр.

Депутатхэр министрым упщlэ зыбжанэкlэ зыхуагъэзащ. «Захуагъэр здэщыlэ Урысей - Пэжым и телъхьэу» фракцэм и унафэщl **Кебеков Владимир** щlэупщlащ Налшык къалэм щаухуэ онкологие центрыр къыщызэlуахыну пlалъэм.

Министрым жиlащ ухуэныгъэ lуэхухэр 2026 гъэм и кlэм зэфlагъэкlыну зэрамурадыр, иужькlэ абы lэмэпсымэхэр щlагъэувэн зэрыхуейр къэплъытэмэ, lуэхущlапlэр 2027 гъэм къызэlуахыну зэрытраухуэр.

Мы зэманым лажьэ онкодиспансерым ехъулlэныгъэфlхэр зэриlэмрэ медицинэ лэжьакlуэхэм я lэзагъэмрэ къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ. Ар щlэупщlащ сымаджэхэр федеральнэ центр нэхъыщхьэхэм щlагъакlуэ щхьэусыгъуэхэм, ухуэныгъэщlэр нагъэсмэ, иджыпсту яlэ медицинэ lэмэпсымэхэр абы ягъэlэпхъуэным е щlэкlэ зэрахъуэкlыным теухуауэ.

Къалэбатэ Рустам жиlащ зыхуейуэ хъуа медицинэ lэмэпсымэхэр иджыпсту зэраlэр, lуэхум lэщlагъэлl ныбжьыщlэхэри къызэрырашалlэр, ахэр зэрагъасэр, абы и фlыгъэкlэ, гъэ къэс нэхъыбэ зэрыхъур республикэм щрагъэкlуэкl операцэхэм я бжыгъэр. Ауэ унэтlыныгъэ зыбжанэм епхауэ, псалъэм папщlэ, нейроонкологиемрэ къупщхьэ, нэпкъпэпкъ узыфэхэр къызэфыкlхэр иджыри федеральнэ сымаджэщхэм ягъакlуэ.

Онкодиспансерыр къызэрызэгъэпэща lэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэпынум и гугъу щищlым, министрым жиlащ сымаджэщым и унэщlэр къызэlуахмэ, иджыпстурейр лыш узыфэ зиlэхэм щадэlэпыкъу центр ящlыжыну зэрамурадыр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlыр щlэупщlащ республикэм и медицинэ lуэхущlапlэхэм я фlагъыр къэзыгъэлъагъуэ дэфтэрыр зэрырат щlыкlэм. Министрым жиlащ мы зэманым апхуэдэ тхылъхэр lуэхущlапlэ 21-м зэраlэр, абы и лъэныкъуэкlэ республикэр 2025 гъэм пашэ зэрыхъуар. 2026 гъэм фlагъым щыхьэт техъуэ апхуэдэ тхылъ иджыри 6-м къахьыну хуагъэфащэ.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмкlэ, физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщl **Емуз Нинэ** къыхигъэщащ иджырей медицинэ lэмэпсымэхэм ирилажьэ lэщlагъэлlхэр яримыкъумэ, абы гугъуехьхэр къиишэнкlэ зэрыхъунум. Къалэбатэм жиlащ lэмэпсымэщlэхэм ирилэжьэнухэр кабинетхэр къызэlуахын ипэ къихуэу ягъэхьэзырын зэрыщlадзэр, къапщтэмэ министерствэм зэпымыууэ дохутырхэр егъакlуэ федеральнэ lуэхущlапlэ нэхъыщхьэ дыдэхэм я зэфlэкlым еплъыну, lэмэпсымэщlэхэм зыщагъэгъуэзэну.

Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ lуэхухэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я lуэхухэмкlэ комитетым и унафэщl **Къэжэр Хъусен** жиlащ депутатхэр КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм купщlафlэу зэрадэлажьэр, лъэпкъ пэхуэщlэхэм я фlыгъэкlэ республикэм зэхъуэкlыныгъэфlхэр зэрыщекlуэкlыр (амбулаторэщlэхэр яухуэ, поликлиникэр зэрагъэпэщыж, иджырей lэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщ).

Зэlущlэм щыжаlар къэлъытауэ, КъБР-м и Парламентым и Президиумым унафэ къищтащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-lуэхущlапlэ.***

**Нобэрей щlалэгъуалэм зэрызиужьынум, lэщlагъэлl ныбжьыщlэхэм защlэгъэкъуэным, щlэблэм гъэсэныгъэ дахэ хэлъхьэным теухуауэ ди зэманым lуэхугъуэ куэд къэралым зэрыщрагъэкlуэкlыр нэрылъагъущ. Абыхэм ящыщ зыуэ жыпlэ хъунущ Тэрч къалэм щызэрагъэпэщыжа, иджырей мардэхэм къезэгъыу зыхуей хуагъэза Щlалэгъуалэ центрыр.**

# Щlалэгъуалэм сыт и лъэныкъуэкlи хуэгъэпсауэ

ЛЭЖЬЫГЪЭР къазэрехъулlам зыщагъэгъуэзэну иджыблагъэ абы щыlащ Тэрч районым и щlыпlэ администрацэм и lэтащхьэ Хъущт Аслъэнбийрэ КъБР-м щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэтрэ.

Унэр зыхуей хуагъэзащ КъБР-м и Правительствэм и унафэкlэ, текlуэдари республикэм и мылъкум щыщщ. 2025 гъэм Тэрч районым хуаутlыпщауэ щытащ сом мелуани 2,5-рэ. lуэхущlапlэр зэрагъэплъым щыщlэдзауэ, псыр зэрекlуалlэри, унэкlуэцl, унэ щlыб lуэхухэри зэфlагъэкlащ.

lуэхущlапlэм хэтщ конференц пэшышхуэу 2, зыгъэпсэхупlэ, нэгъуэщlхэри. Мыбдеж хэкупсэ-гъэсэныгъэ lуэхухэр, щэнхабзэ, щlэныгъэ зэхуэсхэр къыщызэрагъэпэщынущ, районым и жылагъуэ гъащlэм къыдэкlуэтей щlэблэр хашэу. Къищынэмыщlауэ, центрыр сыт и лъэныкъуэкlи хуэщlащ щlалэгъуалэм я зэфlэкlымрэ зэчиймрэ зэрызрагъэужьынум.

«Шэч къытесхьэркъым, мы lуэхущlапlэр щlалэгъуалэм я кlуапlэ зэрыхъунум. Мыбдеж абыхэм lэмал псори щаlэнущ жылагъуэ lуэхум жыджэру хэтынымкlэ. Центрым щекlуэкlыну лэжьыгъэм илъэсым щlалэгъуалэ мини 5 - 6 къызэщlиубыдэну догугъэ», - къыхегъэщ районым и lэтащхьэм.

КъБР-м Щlалэгъуалэ lуэхухэмкlэ и министерствэр дэlэпыкъури, lуэхущlапlэр зыхуей lэмэпсымэхэмрэ компьютерхэмкlэ къызэрагъэпэщащ. lуэхущlапlэр Тэрч къалэм Къанкъуэщым и цlэр зезыхьэ и уэрамым тетщ, ухуэныгъэр метр зэбгъузэнатlи 174,2-рэ мэхъу.

Тэрч районым и щlыпlэ администрацэм щlалэгъуалэ lуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщl Щомахуэ Ренат жеlэ: «lуэхущlапlэр щlалэгъуалэм сэбэп яхуэхъунущ ди щlыналъэм и жылагъуэ, политикэ гъащlэм зыщагъэгъуэзэнымкlэ, нэхъ жыджэру езыхэри щытынымкlэ. Иджырей lэмалхэмкlэ къызэгъэпэща центрыр абыхэм я гъуэгугъэлъагъуэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Ди зэманым дызыlууэ гъэунэхуныгъэщlэхэм ятепщlыхьмэ, щlалэгъуалэм нэхъыфlу дадэлэжьэн, дэтхэнэми и зэфlэкlыр наlуэ къэтщlын зэрыхуейр хьэкъщ. Нобэ республикэм щылажьэ щlалэгъуалэ центрхэм, ахэр псори зэхэту 9 мэхъури, къалэн пыухыкlа зыхуагъэувыж. Дэ нэхъыбэу дызыхущlэкъур лъэпкъ хабзэхэр ди тегъэщlапlэу хэкупсэ гъэсэныгъэм делэжьыныр щ. Икъукlэ мыхьэнэшхуэ иlэу къызолъытэ ди адэжьхэм я lущыгъэхэр, лъэпкъ гупсысэр нобэрей щlэблэм яхэтлъхьэныр. Ахэр къазэрыгурыдгъэlуэфынури иджырей lэмалхэмкlэщ (медиа жыпlэми, ахъшэ саугъэт къыщахьыфыну lуэхухэрами, хэкупсэ зэхуэсу щытми). Нэгъуэщl зыи къыхэгъэщыпхъэщ: щlалэгъуалэ центрыщlэм офис пэшхэр хэткъым, дэтхэнэ щlалэщlэри ди деж къакlуэмэ, сыт хуэдэ пэшри и lуэхум теухуауэ къигъэсэбэпыфынущ. Жысlэну сызыхуейращи, центрыр щlалэгъуалэм сыт и лъэныкъуэкlи хуэгъэпсащ».



**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# ГъащІэр фІыщэу зылъэгъуа

## ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр Хьэбалэ и къуэр къызэралъхурэ щІышылэм и 21-м илъэси 100 ирикъуащ. Ар къэбэрдей-балъкъэр щэнхабзэм и лэжьакІуэ пажэт, лъэпкъ макъамэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ зыт, тхакІуэт, усакІуэт, зэдзэкІакІуэт, публицистт, а псом къыдэкІуэу критик ІэкІуэлъакІуэт, иужькІэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа куэдым я егъэджакІуэ-гъэсакІуэт... Иджыри къыпхупыщэнущ Хьэжбэчыр и зэфІэкІхэм, сыту жыпІэмэ ар емызэшыжу, зыщымысхьыжу лажьэ, зи къэухьым зезыгъэужь, зи щІэныгъэм хэзыгъахъуэ зэпыт цІыхут.**



ХЬЭХЪУПАЩІЭ Хьэжбэчыр Кэнжэ къуажэм 1926 гъэм щІышылэм и 21-м къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр къыщиуха илъэсым - 1942 гъэм - къегъэлъагъуэ абы и щІалэгъуэмрэ и гъащІэмрэ матэ щІэдзауэ зэрыщымытар. КъыкІэлъыкІуэ илъэситхум ар корреспонденту, литературэ лэжьакІуэу щыІащ республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ радиокомитетымрэ. Абдежым щегъэжьауэ, ар зыцІыхуу щытахэм Хьэжбэчыр ягу къызэринар зэфІэкІрэ хэлъэтрэ зиІэ щІалэ гурыхуэущ, цІыху жанущ. 1947 гъэ пщІондэ «Къэбэрдей пэж» газетым зэрыщылэжьар иужькІэ хуабжьу къыхуэщхьэпэжащ тхакІуэм. ЛэжьакІуэбэм и гъащІэм, абыхэм я псэукІэ-щыІэкІэм, цІыхухэм я гум, я псэм щыщІэм фІыуэ хэгъуэзауэ, щІэджыкІакІуэхэм яжриІэнрэ ар зэрабгъэдилъхьэн акъылрэ гупсысэрэ, бзэ къулейр абы щІыгъужу, иІэу тхэн щІидзащ щІалэщІэм.

Литературэм япэ лъэбакъуэ зэрыхичар усэкІэщ. ГъащІэр фІыуэ зылъагъу апхуэдэ цІыху дахэрт «Насып вагъуэ» (ар дунейм къытехьащ 1950 гъэм) зи фІэщыгъэ усэ тхылъ къызэхъулІэфынур. Абы ихуа ІэдакъэщІэкІхэми иужькІэ итхахэми лъабжьэ яхуэхъуащ гугъэ нэхур, лъагъуныгъэр, фІэщхъуныгъэр - ахэр къызыпкърыкІыр Кавказым къыщыщІэдзауэ фашистхэм я гъуэ Берлин нэскІэ зи къупщхьэхэмкІэ гъуэгу тезылъхьа, Хэку зауэшхуэм лІыгъэ зэрахьэу хэта цІыхухэрщ. И тхыгъэхэмкІэ Хьэжбэчыр хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ лъэпкъ литературэм, ІуэрыІуатэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм пищащ икІи ахэр игъэбэгъуащ.

Шэч хэмылъу, сэбэп къыхуэхъуащ куэдым зэрегупсысыр, къызыхэкІа и лъэпкъым и щэнхабзэм зиужьыным, адыгэ дунейм и къэхъукъащІэ телъыджэхэр нэхъыбэным зэрыщІэхъуэпсыр. И гурылъ псори зригъэхъулІэфын, щхьэпэу, къыдалъхуахэм дахагъэкІэ яхуэгуапэу щытын папщІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтын зэрыхуейр фІыуэ къыгурыІуэрт ХьэхъупащІэм. А и мурадым 1947 гъэм и Іэр тригъэхуащ. Ар щІэтІысхьащ ди къэралым и еджапІэ нэхъ ин икІи цІэрыІуэхэм ящыщ зым, Ленинград дэт къэрал консерваторэм. 1952 гъэм ар къиухри, оперэ режиссёр ІэщІагъэр иІэу, гъуазджэм фІыуэ зэрыхэгъуэзам къыдэкІуэу, и зэхэщІыкІкІи и щэнхабзэкІи зиузэщІауэ Хьэжбэчыр къыщалъхуа республикэм къигъэзэжащ.

И усэхэр зыми пэщІ мыхъуну щытми, и Іэзагъри и зэфІэкІри абы наІуэ къыщищІар прозэрщ. Абы адыгэбзэкІи урысыбзэкІи итхащ Іуэтэжхэр, новеллэхэр, эссехэр, повестхэр, романхэр. Ахэр щызэхуэхьэсауэ тхылъ тІощІрэ тхум щІигъу (апхуэдэхэщ «Гур зыщІэхъуэпсыр», «АнитІым я къуэ», «Лъапэ махуэ», «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкІым», «ГукъэкІыжхэр» зи фІэщыгъэхэр, нэгъуэщІхэри) дунейм къытехьащ, ди республикэм и макъамэм хуэгъэпса, гъуазджэм и лэжьакІуэхэм (псалъэм папщІэ, Шэру Иринэ) ятеухуа лэжьыгъэри хэту.

ХьэхъупащІэм и тхылъхэр гъэнщІащ гушыІэхэмкІэ, псалъэ шэрыуэхэмкІэ, къэгупсыса хъыбархэмрэ цІыхубэм къыдэгъуэгурыкІуэ псэлъафэхэмкІэ. Абыхэм щІэджыкІакІуэр дамыхьэхынкІэ, тхылъеджэм а ІэдакъэщІэкІхэр фІыуэ имылъагъункІэ Іэмал иІэтэкъым.

Зэрынэрылъагъущи, ХьэхъупащІэм и гуащІэм ущытепсэлъыхькІэ, зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым литературэри гъуазджэри зэхуэдэу и Іэпэгъуу, хьэлэмэту ахэр зригъэкІуу зэрыщытар.

Газетым сызэрыщылажьэ илъэсхэм къриубыдэу щэнхабзэм, гъуазджэм и лэжьакІуэ куэдым ди къалэмыр къахуэтщтащ. Композиторхэм, уэрэдусхэм ятеухуа тхыгъэхэр щыдгъэхьэзыркІэ, абыхэм газет напэкІуэцІхэр яхухэтхауэ хужаІахэр щызэхуэтхьэскІэ, щІэх-щІэхыурэ сэ къыспэщІохуэ Хьэжбэчыр и тхыгъэ купщІафІэхэр. Абы къегъэлъагъуэ цІыху гуапэу, емызэшыжу, и ныбжьэгъу-лэжьэгъухэм я мызакъуэу щэнхабзэм, гъуазджэм къулыкъу хуэзыщІэхэр игъэгушхуэу, я гуащІэ, я лэжьыгъэ къыфІэІуэхуу зэрыщытар. Хьэжбэчыр зыцІыхуахэри абы теухуа нэтын зыгъэхьэзырахэри жысІам щыхьэт тохъуэ.

1952 гъэм къыщыщІэдзауэ 1958 гъэ пщІондэ Хьэжбэчыр КъБАССР-м и къэрал филармонием и художественнэ унафэщІу щытащ. КъыкІэлъыкІуэ илъэсипщІым а ІуэхущІапІэм и унафэщІ къулыкъур ирихьэкІащ. 1968 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехыжыху Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэу щытащ. А ІэнатІэм къыдэкІуэу, 1973 гъэм къыщыщІэдзауэ ар щытащ УФ-м и Композиторхэм я союзым и секретару, а зэгухьэныгъэм и правленэми хэтащ.

1958 гъэм УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьат Хьэжбэчыр. Адыгэ литературэм и тхыдэм напэкІуэцІ бгъуфІэу зи гуащІэр къыхэна, зи тхыгъэхэр курыт еджапІэхэм щадж ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр и тхакІуэ зэфІэкІым пщІэ зэриІам и щыхьэтщ щІыхь, фІыщІэ тхылъу къыхуагъэфэщахэм. 2000 гъэм КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зратахэм ящыщщ Хьэжбэчыр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а гъэ дыдэм, и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирикъуным махуэ бжыгъэ фІэкІа къэмынауэ, ар дунейм ехыжащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**




● УФСБ-м къет

### ЗэщІыгъуу ирагъэкІуэкІащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу, Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыІэхэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, Урысей МВД-м и ВОГОиП-мрэ Минераловодскэ таможнэмрэ 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м щыщІэдзауэ 2026 гъэм щІышылэм и 12-м къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, профилактикэ Іуэхум хыхьэу, щрагъэкІуэкІащ хабзэншагъэкІэ Іэщэрэ наркотикхэкІхэмрэ игъэкІыныр, нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэхэр къызэпыудыным, цІыхухэр къэлъыхъуэным хуэунэтІа рейдхэр.**

ХАБЗЭМ ебакъуэу ирагъэкІыну зыхэта ягъауэ Іэщэу 2, абыхэм я пкъыгъуэ зэхуэмыдэу 94-рэ, наркотикхэкІ грамм 357-м щІигъурэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэ грамми 190-рэ къытрахащ. Къэралым къыщалъыхъуэ цІыхуи 8, апхуэдэуи дуней псом къыщалъыхъуэу 8 къагъуэтри яубыдащ.

ЗэфІаха рейдхэм кърикІуахэмкІэ уголовнэ Іуэхухэр къаІэтащ УФ-м и УК-м и 22-нэ, 228-нэ, 234-нэ, 327-нэ статьяхэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэхэмкІэ, яубыдахэр ахэр къэлъыхъуэныр зи жэрдэмхэм Іэрагъэхьащ.

### Экстремизмэр диІыгът

**Илъэс 27-рэ зи ныбжь, Шэджэм районым щыпсэу Чигладзе С. А. илэжь хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм къызэпаудащ. Ар пыщІат экстремист гупым я нагъыщэр гъэлъэгъуэным.**

КъБР-м и Шэджэм район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ Чигладзе С.А. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 282.4 статьям и 1-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэмкІэ. ЯмыгъэтІысу абы зы илъэсрэ мазихрэ тралъхьащ, зыщІэгупсысыжыну зэман иІэщ.

● Бжыгъэхэр

### КІуэ пэтми хагъахъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш ІуэхущІапІэхэм Іэщымрэ джэдкъазымкІэ хэхъуэхэр къагъэлъагъуэ зэпытщ, къитащ иджыблагъэ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкІэ и управленэм.**

ЖЫПІЭНУРАМЭ, 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу жэм бжыгъэм проценти 2,4-кІэ, мэлымрэ бжэнымрэ проценти 3-кІэ, джэдкъазым процент 13,8-кІэ хагъэхъуащ.

Къапщытэж пІалъэм къриубыдэу мэкъумэш ІуэхущІапІэхэм жэму мин 18,2-рэ, мэлрэ бжэну мини 102,8-рэ, джэдкъазу мелуани 2,5-рэ яІыгъащ. Апхуэдэу щыхъукІи, республикэм жэму щызэрахуэм и процент 13-р, мэлымрэ бжэнымрэ я процент 23,8-р, джэдкъазым я зэхуэдитІыр къалъысу аращ абыхэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Мы махуэхэм

**ЩІышылэм и 24,** *щэбэт*

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ полковник, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Джэтауэ Хьэмыщэ**.
♦ **1942 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **БетІрожь Руслан**.
♦ **1953 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, къэрал лэжьакІуэ **Щыхьмырзэ Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градус 1 - 2, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**ЩІышылэм и 25,** *тхьэмахуэ*

♦ **Урысейм щагъэлъапІэ Студентхэм я махуэр (Татьянэхэм я махуэр)**
♦ **Урысей Федерацэм и Дзэ-Тенджыз флотым и кхъухьхэм я унафэщІхэм я махуэщ**
♦ **1908 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Бэч Мэлэчхъан**.
♦ **1935 гъэм** къалъхуащ сабий усакІуэ **Щоджэн Аслъэнджэрий (Леонид)**.
♦ **1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Безыр Чэмал**.
♦ **1941 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ГъукІэжь Владимир**.
♦ **1947 гъэм** къалъхуащ УФ-м цІыхубэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щад Азджэрий**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр градус 1 - 2 щыхъунущ.

**ЩІышылэм и 26,** *блыщхьэ*

♦ **Таможнэм и лэжьакІуэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦ **Интернетыр къэмыгъэсэбэпыным и махуэщ**
♦ **1944 гъэм** КъБР-м и Аруан районыр къызэрагъэпэщащ.
♦ **1936 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Тау Хьэзешэ**.
♦ **1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ**.
♦ **1952 гъэм** къалъхуащ тхыдэдж, зэдзэкІакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат **Мэлбахъуэ Къэралбий**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щІыІэр градус 0 - 1 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 5-кІэ зихъуэжынущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**ЭщІагъэ зиІэ и Іэпэ дыщэ къыпощ.**

● Бахъсэн къалэ

# ЗэфIагъэкIахэм уагъэгушхуэ, къапэщылъри мащIэкъым

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зызыужь щIыналъэхэм ящыщщ. Къалэ, къуажэ щхьэхуэхэр къапщтэрэ, 2025 гъэм зэфIахам уриплъэжмэ, гур хэзыгъахъуэ лэжьыгъэшхуэ щагъэзэщIахэм ящыщщ Бахъсэн къалэ округыр. Абы и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим илъэс блэкIам яхузэфIэкIам, мы гъэм я мурадхэр зыхуэдэм теухуауэ жиIам фыщыдогъэгъуазэ мы тхыгъэмкIэ.***



### Унэхэмрэ къалэ уэрамхэмрэ

«КЪАЛЭ уэрамхэр» къэрал Iуэхум, «Псэуалъэмрэ къалэ уэрамхэмрэ» лъэпкъ Iуэхум япкъ иткIэ, Бахъсэн къалэ округым пщIантIэ 41-рэ зыхуей щыхуагъэзащ 2018 - 2025 гъэхэм къриубыдэу. Иджы ахэр къызэгъэпэщащ тетIысхьэпIэхэмкIэ, кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэмкIэ, унэ екIуэлIапIэхэм гъуэгу хуащIащ, уэздыгъэ дашащ. Абы и фIыгъэкIэ я псэукIэр ефIэкIуауэ жыпIэ хъунущ цIыху мин 15-м щIигъум.

Къищынэмыщ Iауэ, къэрал IуэхущIапIэ, курыт еджапIэ зытет уэрамхэр зыхуэныкъуэ псомкIи къызэрагъэпэщащ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэм теухуауэ гъуэгу зэпрыкIыпIэхэр ягъэбелджылащ.

Гуапэ мыхъуу къанэркъым Бахъсэн къалэ округым щыIэ нэчыхь щатх унэр зыхуей зэрыхуагъэзари. Метр зэбгъузэнатIи 120-рэ къагъэщIэрэщIэжащ, бжэщIэхэмрэ щхьэгъубжэщIэхэмрэ хагъэуващ, плиткэ ирадзащ, пэшхэм ламинат иралъхьащ. ЗэрыжаIэмкIэ, нэчыхь щатх унэм къалэну игъэзащIэ псори нэсу щызэфIахынущ абы дяпэкIэ. Зэуи гу лъытапхъэщ: 2025 гъэм Бахъсэн къалэ округым сабий 639-рэ къыщалъхуащ, цIыху 309-рэ дунейм щехыжащ, нэчыхь 217-рэ щатхащ, унагъуи 149-рэ къутэжащ.

Гъуэгу лэжьыгъэхэр зэфIэхыным хухагъэкIа мылъкумкIэ Бахъсэн къалэм и Парк уэрамыр зыхуей хуагъэзащ. Апхуэдэу, гъуэгум асфальт тралъхьэри, гъуэгу дамыгъэхэр трагъэувэжащ, лъэс лъагъуэри къызэрагъэпэщащ. Иджы а уэрамым метр 230-рэ и кIыхьагъщ, метри 6 и бгъуагъщ.

### Спортыр ирагъэфIакIуэ

СПОРТЫМ и гугъу пщIымэ, Дыгулыбгъуей къуажапщэм «Форвард» стадионыщIэр къыщызэIуахащ. Ар метр зэбгъузэнатIэ 1760-рэ мэхъу, щIыналъэ мылъкурэ хьэрычэт ахъшэкIэ къызэрагъэпэща IуэхущIапIэм нобэкIэ цIыху 200 йокIуалIэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Дыгулыбгъуей къуажэм дэт 11-нэ курыт еджапIэм бэнэкIэ хуитымкIэ спортзал щхьэхуэ къызэрыщызэIуахари. Ар метр зэбгъузэнатIэ 200 мэхъу, зыхуэныкъуэ псомкIи къызэгъэпэщащ, къэрал, щIыналъэ ныпхэр фIадзащ, УФ-м и Президентымрэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ я сурэтхэр блыным фIэлъщ. Ныбжьыщ Iэхэм щапхъэ яхуэхъун папщIэ, Бахъсэн къалэ округым щыщ спортсмен цIэрыIуэхэм я сурэтхэри фIалъхьащ.

Я цIэр фIыкIэ ягъэIуащ Бахъсэн щIыналъэм щыщ спортсменхэм. СпортымкIэ щIыхь зиIэ мастер, IэпщэрыбанэмкIэ дуней псом и чемпион Мырзэкъан Азэмэт Brave CF лигэм гран-при къыщыхуагъэфэщащ, текIуэныгъитI къихьри. Абы хигъэщIащ Бразилиемрэ Австриемрэ къикIа спортсменхэр. И хьэлъагъымкIэ гупым къыдыхэт спортсменхэм яхуэбгъадэмэ, Мырзэкъаныр дунейпсо гупым и 6-нэ увыпIэм щытщ.

### Узыншагъэр хъумэным теухуауэ

БАХЪСЭНДЭСХЭР нэхъыбэу зыщыгуфIыкIа Iуэхугъуэхэм ящыщщ къалэ сымаджэщымрэ поликлиникэмрэ зыхуей зэрыхуагъэзар. Иужьрей илъэс 50-м къриубыдэу иджыщ поликлиникэм я Iэ щынэсар. Абы и кIуэцIи щIыби къращIыкIыжащ, уэздыгъи, псыи, хуаби щIэрыщIэу ирашэлIэжащ, щхьэгъубжи бжэи зэрахъуэкIащ, IэмэпсымэщIэхэмкIи къызэрагъэпэщыжащи, УЗИ, маммографие, эндоскопие, рентген Iуэхухэр мыбы щызэфIокI. А псор яхузэфIэкIащ «ГъащIэ кIыхь» лъэпкъ программэм и фIыгъэкIэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Бахъсэн къалэм дэт сымаджэщымрэ поликлиникэмрэ цIыху мин 60-м Iуэху хуащIэным зэрытещIыхьар. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу абы цIыху 750-м щеIэзэфынущ, махуэкIэ щIэлъу жэщым унэм кIуэжхэм папщIи гъуэлъыпIэ 40 яIэщ.

Дыгулыбгъуей къуажэм дэт поликлиникэри зэпэщ ящIыжауэ щытащ 2022 гъэм.

### НэгузыужьыпIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр

ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭ узэрыгушхуэнщ 2025 гъэм «Джэдыкъуэ Плъыжь» шыгъажэ IуэхущIапIэм теухуауэ яхузэфIэкIар. Дыгулыбгъуей къуажэм дэт а IуэхущIапIэм нэгъабэ щекIуэкIащ шыгъажэмкIэ щIыналъэ, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэр. Абыхэм къыщагъэжащ зэпеуэм хэта къэралхэм къраша шы 728-рэ. Абы къыхэкIыу, «Джэдыкъуэ Плъыжьыр» Урысей Федерацэм и шыгъажэ щIыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы хъуауэ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. ЗэрыжаIэмкIи, 2026 гъэм Дыгулыбгъуей шыгъэжапIэм щрагъэкIуэкIынущ апхуэдэ зэпеуэ пщIы бжыгъэхэр.

Бахъсэн псыхъуэм и Iуфэхэр гъэбыдэнми гулъытэ хуащIащ гъэ кIуам. ЗэрыжаIэмкIэ, псыхъуэм ухуэныгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIыну зыхуагъэхьэзырри, псыIуфэхэр гуимылъэсыкIын папщIэ, ягъэбыдэ. Лэжьыгъэр къэрал, щIыналъэ мылъкукIэ ирагъэкIуэкI, 2026 гъэм къриубыдэу зэфIахынуи мэгугъэ.

### УнэщIэхэр, фэтэрыщIэхэр

«УФ-м и щIыналъэхэм щыпсэухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщын, псэуалъэ-коммунальнэ лэжьыгъэхэм я уасэр етынымкIэ защIэгъэкъуэн» къэрал Iуэхум ипкъ иткIэ, Бахъсэн къалэ округым щыщ унагъуиплIым къаIэрыхьащ унэ къызэращэхун е зэраухуэн ахъшэ кърахын зэрыхуеймкIэ щыхьэт тхылъхэр. Ахэр Къуэдзокъуэ Албэчрэ Марьянэрэ, Къардэн Аслъэнрэ Снежаннэрэ, ЛэмпIэжьхэ Ислъамрэ Дианэрэ, Нэгъуей Оксанэ сымэщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы программэм ипкъ иткIэ, 2009 гъэ лъандэрэ унагъуэ 87-м щыпсэун яIэ зэрыхъуар.

### Псы къабзэм ехьэлIауэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек 2019 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир щыIущIам щыгъуэ зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм ящыщщ Бахъсэн къалэмрэ щIыналъэм щыщ къуажитхумрэ псы къабзэ ешэлIэн зэрыхуейр. Абы папщIэ бжьамийр километр 79-м далъхьэну къалэ администрацэм иубзыхуащ. Мы Iуэхум и фIыгъэкIэ зэхуащIыжынущ, щIыпIэ-щIыпIэкIэ щратIыха псыкъуийхэр, псы къабзэкIэ гугъу ехь къуажэхэмрэ Бахъсэн къалэмрэ щыпсэу цIыху мини 100-м зэпымыууэ псы ягъуэтынущ. Ар щIыналъэм къратшэлIэн папщIэ, Зеикъуэ, ХьэтIохъущыкъуей, Ислъэмей, ПсыкIэху, Къэсейхьэблэ, Бахъсэн, Дыгулыбгъуей къыкIуэцIрыкIыу яукъуэдиинущ бжьамийр.

ЩIыналъэ мылъкукIэ Бахъсэн къалэм щызэрахъуэкIащ Къалмыкъым и цIэр зезыхьэ уэрамым псы зэрыщызекIуэ бжьамий метр 350-рэ. КъищынэмыщIауэ, а уэрам дыдэм щыщу метр 240-рэ зыхуей хуагъэзащ: Иванченкэ уэрамдэкIым къыщыщIэдзауэ Щэнхабзэм и унэм нэс къекIуалIэр. Иджы ГъуазджэхэмкIэ сабий школ №1-м, спорт школым, нэчыхь щатх унэм, цIыху 2000 щыпсэу, къат куэду зэтет унэхэм хуиту уокIуалIэ.

### Егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэфIхэр зыгъуэтахэм ящыщщ Бахъсэн къалэ округым и 7-нэ курыт еджапIэр. Абы щеджэ цIыкIухэм я бжыгъэр хэхъуэ зэпыту зэрыщытым къыхэкIкIэ, еджапIэм пэш зыбжанэ къыпащIыхьыжын хуей хъуащ, икIи къызэрагъэпэщащ метр зэбгъузэнатIи 160-рэ хъу классищрэ тхылъ хъумапIэрэ. ЕджапIэм и унафэщIым зэрыжиIэмкIэ, лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсащ гъэмахуэ мазищым къриубыдэу икIи фокIадэм и 1 лъандэрэ цIыкIухэр пэшыщIэхэм щIэсу йоджэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зи гугъу тщIы курыт еджапIэр 2023 гъэм зыхуей хуагъэзауэ, бжэщхьэгъубжи унащхьи зэрахъуэкIауэ щытащ, IуплъапIэри пэш кIуэцIхэри зэрахьащ.

Мы лэжьыгъэ псоми я Iуэху щызэрахуэ, унафэ щащI администрацэм и гугъу пщIымэ, щIыналъэ мылъкум къыхэкIыу IуэхущIапIэр зыхуей хуагъэзащ, метр зэбгъузэнатIэ 800 зэщIагъэхьащ. Иджыпстуи йолэжь Бахъсэн къалэ округым и администрацэр къэгъэщIэрэщIэжыным. КъищынэмыщIауэ, 2025 гъэм зэрахъуэкIащ Дыгулыбгъуей къуажэ администрацэм и унащхьэри.

9-нэ курыт еджапIэри зэIузэпэщ ящIащ. Бахъсэн къалэ округым и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим щыIащ еджапIэр къыщызэIуахыжам. Абы къипщытащ лэжьыгъэ зэфIахар: пэшхэр зыхуэдэр, дерсхэр зэрырагъэкIуэкIыр, пщэфIапIэм и лэжьэкIэр, «Точка роста» IуэхущIапIэр зэрызэтраублар. ЕджапIэ нэхум, хуитым щIэныгъэ щызэрагъэгъуэтынущ сабий 620-м.

«Унагъуэ» лъэпкъ Iуэхум щыщу Бахъсэн къалэ округым сабий сад щащI. Ар хуозэ 12-нэ курыт еджапIэр щауххуа хьэблэщIэм. Сабии 140-рэ зыщIэхуэну унэр метр зэбгъузэнатIэ 1280-рэ мэхъу, щIы гектарым тетщ, къатитIу зэтетынущ, къат къэскIэ гуп зыбжанэ, спортзал, музыкэм и пэш иIэнущ. Ар нагъэсынущ 2027 гъэм и кIэм.

### Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ

ДЗЭ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI Бахъсэн щIыналъэ округым. Унагъуэ 345-м щыщу цIыху 215-рэ дзэ Iуэху хэхам щыIэщ, 74-рэ яукIащ, 27-р хъыбарыншэу кIуэдащ, зы гъэрыпIэ ихуащ, 28-м щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ кърагъэгъэзэжащ. Абыхэм я сабии 100-м щIигъур сабий садым пщIэ щIамыту ягъэкIуэну, школакIуэ 88-р пщIэншэу ягъэшхэну хуитыныгъэ къыхудахащ, сабий 96-рэ секцэ зэхуэмыдэхэм пщIэншэу ягъакIуэ, я чэзур къэсыным памыгъаплъэу сабий 13 сабий садым кърагъэщтащ, школ жыжьэхэм къыщIашыжри, я псэупIэм нэхъ и гъунэгъуу щыт курыт еджапIэхэм ныбжьыщIи 6 щIагъэтIысхьащ. А псоми сом мелуан 1,8-рэ тригъэкIуэдащ администрацэм.

Дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я унагъуэ Iуэхухэр зэфIэхынымрэ ЖКХ и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэгъэзэнымрэ гулъытэшхуэ щыхуащI Бахъсэн щIыналъэ округым. Псалъэм папщIэ, псы уасэкIэ щIыхуэ зытелъ унагъуэ 70-м ар хуагъэгъуащ, кIэрыхубжьэрыху дэшынкIэ гугъу ехь унагъуи 2-м ар пщIэншэу худаш, зы унагъуэм уэздыгъэ, унагъуи 4-м псы хущIашащ, унэ къригъэжьауэ нэзымыгъэсыфхэм е яIэр зыхуей хуэзымыгъазэхэм ядэIэпыкъуащ, зи бжэщхьэгъубжэ, унащхьэ жьы хъуахэм хузэрахъуэкIащ. КъищынэмыщIауэ, юрист, психолог хуэныкъуэ цIыхуи 150-м щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ, дзэ Iуэху хэхам хэкIуэда цIыху 14-м я фэеплъхэр курыт еджапIэхэм щагъэуващ.

КъищынэмыщIауэ, Бахъсэн щIыналъэ округым дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэпымыууэ яхурегъашэ хьэпшып, дрон, рацэ, щыгъын, ерыскъы тонн бжыгъэхэр. Апхуэдэу, 2022 гъэм тонн 22,5-рэ; 2023 гъэм - 18,8-рэ; 2024 гъэм - тонни 5 ирагъэшащ, 2025 гъэм зэрызэщIагъэкъуар къабж.

А псом ищIыIужкIэ, зэгурыIуэныгъэкIэ дзэм къулыкъу щызыщIэну хуейхэм жыджэру ядэлэжьащ администрацэр. Абы ипкъ иткIэ, хъыбарегъащIэ тхылъу 1900-рэ къыщыдагъэкIащ икIи 2025 гъэм къриубыдэу Бахъсэн щIыналъэ округым щыщу цIыху 98-м зэгурыIуэныгъэ иращIылIащ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм.

Дзэм къулыкъу щащIэну ираджэн хуейхэм папщIэ къэралым къигъэув бжыгъэр игъэзащIэри, ебэкIыжащ Бахъсэн щIыналъэ округыр: гъатхэм цIыху 60 дэкIащ (проценти 100), бжьыхьэм - 45-рэ (проценти 112,5-рэ).

Дзэ Iуэху хэхам теухуа лэжьыгъэхэр зэи зэпыуркъым, икIи Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и нэIэ тет зэпытщ абы.

### 2026 гъэм ялэжьынур

ЗЭРЫТЛЪАГЪУЩИ, Бахъсэн къалэ округым 2025 гъэм лэжьыгъэшхуэ щызэфIахащ, зыгуэрхэри нэмыщIысауэ илъэсыщIэр къиихьащ. 2026 гъэм я мурадхэм я гугъу пщIымэ, псалъэм папщIэ, «Къалэ уэрамхэр зыхуей хуэгъэзэн» къэрал проектым ипкъ иткIэ къалэ уэрам зыбжанэм я теплъэр ирагъэфIэкIуэну, гъуэгухэр зэпэщ ящIыжыну, лъэс лъагъуэ тралъхьэну, тетIысхьэпIэхэр, пхъэнкIий идзыпIэхэр ягъэувыну, уэздыгъэ дашэну, къэкIыгъэхэмрэ жыгхэмрэ гулъытэ хуащIыну я гугъэщ. Уэрам зыбжанэм далъхьэнущ псы къабзэр зэрыдашэн, псы фIейр къызэрыдашын бжьамий метр 5539-рэ.

Курыт еджапIэ №5-р сыткIи зыхуей хуагъэзэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ утым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр игъуэтынущ. Абдеж щаухуэнущ зыгъэпсэхупIэхэр, сабий джэгупIэхэр, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм я Iэпкълъэпкъым зырызрагъэукъуэдий Iэмэпсымэхэр щагъэувынущ, удз гъэгъахэмрэ жыгхэмрэ хасэнурэ, уэздыгъэ дахэхэмкIэ къагъэщIэрэщIэнущ. А псоми мазиплI текIуэдэну яубзыхуащи, 2026 гъэм гъэмахуэкIэм нащIысыну хуагъэфащэ.

Дыгулыбгъуей къуажэм цIыху мин 20-м щIигъу дэсщи, зи гугъу тщIы утым хуабжьу хуэныкъуэщ ахэр.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щIышылэм и 26

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «КАПКАН НА СУДЬЮ» (16+)
**00.05** «Время героев» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОМУТ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.20** Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
**03.30** Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)

### НТВ

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.10** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ПЕРВЫЙ ОТДЕЛ» (16+)
**22.15** Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
**00.30** Т/с «ПАУТИНА» (16+)
**03.55** Д/с «По следу монстра» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Т/с «ЗАХВАТ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Ленинград. Снять блокаду». «Ленинградско-Новгородская операция» (16+)
**11.50, 13.25** Х/ф «ОЖИДАНИЕ ПОЛКОВНИКА ШАЛЫГИНА» (16+)
**14.05, 15.05, 17.15** Т/с «ЧЕРНЫЕ ВОЛКИ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «БАЛТИЙСКОЕ НЕБО» (16+)
**02.15** Х/ф «ЭКИПАЖ МАШИНЫ БОЕВОЙ» (16+)
**03.20** Д/с «ВМФ СССР. Хроника Победы» (16+)
**03.45** Т/с «ЧЕРНЫЕ ВОЛКИ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.15** Черные дыры. Белые пятна
**07.55** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.20, 22.15** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15, 01.05** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Д/ф «Александр Невский. Между Востоком и Западом»
**13.55** Х/ф «СЫН» (16+)
**15.25** Агора
**16.30** Д/с «Передвижники»
**17.15** Больше чем любовь
**18.15** Рассказы из русской истории
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.30** Спокойной ночи, малыши!
**20.45** Д/ф «Люди и страсти Алисы Фрейндлих»
**21.30** Сати. Нескучная классика...
**00.10** Д/с «Альгамбра. крепость Андалусии»
**02.05** Д/с «Предки наших предков»

### МАТЧ!

**06.00** «Лига в лицах» (12+)
**06.30** Биатлон с Дмитрием Губерниевым (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.35, 19.00, 22.00, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Лица страны». Лучшее (12+)
**09.25** «Команда мечты» (12+)
**10.30** Автоспорт. Гонка чемпионов. Трансляция из Тольятти (6+)
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Лыжная страна (12+)
**14.55** «Лига в лицах» (12+)
**15.30** Громко. Прямая трансляция
**16.55** Футбол. «Динамо» (Москва, Россия) - «Чэнду Жунчэн» (Китай). BetBoom. Глобал Челлендж 2026. Прямая трансляция из ОАЭ
**19.15** Хоккей. ЦСКА - «Северсталь» (Череповец). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**22.35** Футбол. «Верона» - «Удинезе». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**02.00** Волейбол. «Тулица» (Тульская область) - «Уралочка-НТМК» (Свердловская область). Чемпионат России. Суперлига. Женщины (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол. УНИКС (Казань) - «Пари Нижний Новгород». Единая лига ВТБ (6+)

## Гъубж, щIышылэм и 27

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «КАПКАН НА СУДЬЮ» (16+)
**00.00** Д/ф «Бродский не поэт». Памяти Иосифа Бродского» (16+)
**02.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОМУТ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.20** Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
**03.30** Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)

### НТВ

**04.40, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.10** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ПЕРВЫЙ ОТДЕЛ» (16+)
**22.15** Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
**00.30** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**01.05** Т/с «ПАУТИНА» (16+)
**04.25** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Т/с «ЧЕРНЫЕ ВОЛКИ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Ленинград. Снять блокаду». «Выборгско-Петрозаводская операция» (16+)
**11.50** «Специальный репортаж» (16+)
**12.00, 13.25** Х/ф «ОТРЯД ОСОБОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**14.05, 15.05, 17.15** Т/с «ЧЕРНЫЕ ВОЛКИ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ПОРОХ» (16+)
**00.55** Х/ф «БАЛТИЙСКОЕ НЕБО» (16+)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъуэсэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Зи щIыхьыр ин, зи фIыщIэр куэд

*УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэм хэта, зи лэжьыгъэфIым папщIэ «Урысей Федерацэм цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник» цIэр, дамыгъэ лъапIэ, щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэд зыхуагъэфэщауэ щыта тхакIуэ, егъэджакIуэ цIэрыIуэ, щIэблэм я узэщIакIуэ Жылау Нурбий Хьудин и къуэр (1931 - 2004) адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, щIэблэм я гъэсэныгъэм, хабзэм, нэмысым ехьэлIа лэжьыгъэ куэд зэфIэзыха хэкупсэхэм ящыщщ.*

*Жылаур Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Илъэс 55-м нэскIэ а цIыху щыпкъэр пэрытащ егъэджакIуэ IэнатIэм. Апхуэдэу ар лэжьащ школ директору, къуажэм, районым тхыдэмкIэ я музейхэм я унафэщIу.*

*И лъэпкъэгъухэм, къуажэгъухэм, гъэсэнхэм я деж Нурбий къыщилэжьа пщIэмрэ фIыщIэмрэ куэд мэхъу. Щапхъэ зытрах цIыху щэныфIэт, жьыми щIэми чэнджэщэгъу ящI лъэпкъылI губзыгъэт, узэщIакIуэ телъыджэт, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшт. Апхуэдэущ ар зыцIыхуу щыта псоми ягу къызэринар. Зи цIэр ящымыгъупщэ, зи пщIэр емыхуэх а цIыху щыпкъэр къызэралъхурэ иджыблагъэ илъэс 95-рэ ирикъуащ. И адэм теухуа гукъэкIыжхэмкIэ «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм нэхъапэIуэкIэ къыддэгуэшауэ щытащ Нурбий и къуэ нэхъыжь Арсен. Ар Зеикъуэ дэт макъамэ школым и унафэщIщ, и адэм ирихьэжьа Iуэху дахэхэр адэкIэ зыгъэкIуатэ хэкупсэщ.*



**- Арсен, дэтхэнэ цIыхури дунейм зэрытетам, зэфIиха Iуэхухэм елъытащ ар къэнахэм ягу къызэринэжыну щIыкIэр. Лъэпкъым, къыдэкIуэтей щIэблэм я сэбэп зыхэлъ Iуэху куэд зылэжьу псэуа уи адэм бын гъэсэкIэмкIэ гъуазэу иIахэм щыгъуазэ дыпщIамэ, ди гуапэт.**

- Ди адэ-анэм бынищ дапIащ, дагъэсащ, гъащIэм гъуэгу пэж дыщытрагъэуващ. Сэри, си шыпхъу Мадини, си шынэхъыщIэ Руслани щIэныгъэ нэхъыщхьэ, дызэрыпсэун IэщIагъэ къыдатащ. Нобэ ди адэм и гъащIэ гъуэгуанэм дроплъэжри, абы щапхъэу къэбгъэлъагъуэ мыхъуну зы Iуэхугъуи хэмыту къысщохъу.

Къапщтэмэ, унагъуэм, быным куэдрэ къытхэсу, къыдбгъэдэсу щытауэ схужыIэнукъым ди адэр - лэжьыгъэ куэд пщэрылъ зыщызыщIыжа цIыхум апхуэдэ хущIыхьэгъуи иIэтэкъым. ИтIани, лъэныкъуэкIэ щыдэтлъагъу хьэл-щэн къудейри хьэкъыу тпхыкIырт. Быным ди анэ Таиси егъэджакIуэу щытащ. Абы математикэр яригъэджырт жылэм къыдэхъуэ щIэблэм. ЕгъэджакIуэхэр зэрахуримыкъум къыхэкIыу, къэхъурт ар пщэдджыжьакIуэхэми, шэджагъуакIуэхэми, пщыхьэщхьэрыеджэхэми щадэлажьэ. Ауэ щыхъукIи, унагъуэ Iуэхури, бын пIынри, гъэсэнри и пщэрылъти, ахэри къызыхуэтыншэу зэригъэзэщIэным дапщэщи хущIэкъурт. Апхуэдиз къалэн пщэрылъ зыщызыщIыжа ди адэми сыт щыгъуи и щIэгъэкъуэнт ар. Дэри ди адэ-анэр тIури егъэджакIуэу зэрыщытми зы щытыкIэ хэха гуэрым дригъэувэрти, мыхъумыщIагъэ зэрыдмыщIэным, нэхъыжьхэм я губгъэн къызэрыдмыхьыным дыхущIэкъурт.

Дыщысабии, балигъ дыщыхъуаи, унагъуэ духуэу дыщытIысыжаи - дапщэщи къыджиIар зыщ ди адэм: «ЦIыхум фи сэбэп евгъэкI. Нобэ флъэкIынур пщэдейм пэвмыгъаплъэ. Мурадыншэу зы махуи къэвмыгъащIэ. Зы Iуэху пыухыкIа нэхъ мыхъуми зэфIэмыхауэ жэщ фымыщI». А псалъэхэр нобэ я гъуэгугъэлъагъуэщ зэдэлъхузэшыпхъухэм къытщIэхъуэ бынхэми. Езым и гъащIэ гъуазэт а псалъэхэр. ИригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм папщIэ фIыщIи щытхъуи зэи къилъыхъуакъым ди адэм, атIэ жиIэрт ар къуажэдэсхэм яхуищIэн хуей Iуэхуу щыту.

Сабиигъуэ гугъу иIащ Нурбий. И адэ Хьудинрэ и анэ Чэзибанрэ зэдагъуэта бынищым я нэхъыжьыр арат. И ныбжьыр илъэси 10-м нэсауэ, 1941 гъэм и адэр, къыкIэлъыкIуэ илъэсым и анэр дунейм ехыжащ. Апхуэдэу Нурбий, Жанпагуэ, Анатолэ (ар сабий цIынэт) ибэу къэнауэ щытащ. Ахэр япIыжащ я адэшхуэ-анэшхуэм. Ди адэм зэрыжиIэжымкIэ, шхэгъуэ хъуа иужь, я дадэм япэщIыкIэ а сабиищыр иригъэгъашхэрт, иужькIэт езым и бынхэм ерыскъы къыщыхуащтэр. Апхуэдэ щIыкIэу къэхъуащ ахэр, еджащ, зэрыпсэун IэщIагъэ зрагъэгъуэтащ. Нурбий зэи щыгъупщакъым, зеиншэу къыщынэм, къуажэдэсхэмрэ колхоз унафэщIхэмрэ къыхуащIауэ щыта гулъытэр. «Абыхэм, сызыпIыжа си адэшхуэ-анэшхуэм я фIыгъэкIэ къэзухащ курыт еджапIэр, университетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэзгъэгъуэтащ, си зэфIэкIымрэ къарумрэ Iуэху зэхуэмыдэхэм есхьэлIэн папщIэ сэбэп, чэнджэщэгъу, щIэгъэкъуэн къысхуэхъуа фIэкIа, зэи лъакъуэпэщIэдз къысхуащIакъым. Абы къыхэкIыу къуажэм и щIыхуэ стелъу къызолъытэ, и пщIэри стекIуэдэну сыхуейкъым», - жиIэрт абы.

**- Апхуэдэ гупсысэхэрауэ къыщIэкIынщ абы гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуар цIыхубэ библиотекэ унэм къыщызэIуихми, хэкурыдж музей жылэм къыщыщызэригъэпэщми, Бахъсэн щIыналъэм и тхыдэ музейм и лъабжьэр щигъэтIылъми.**

- Сэ сызэрыцIыкIу лъандэрэ ди унэм щолажьэ зи гугъу пщIы а библиотекэр. Тхылъ миниплI хъу фондыр ди адэм къуажэм тыгъэ хуищIауэ щытащ. Библиотекэм тхылъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щIэлъщ: щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, мэкъумэш щIэным теухуахэр, унагъуэкIэ сэбэп хъуну чэнджэщхэр зэрытхэр, художественнэ литературэ, сабийхэр я ныбжь елъытауэ зэджэ хъунухэр. Ипэ зэманхэм абы цIыху куэд къекIуалIэрт. Ди унагъуэм щыщу зыми хущIыхьэгъуэ иIэтэкъым библиотекэм хэхауэ щIэсыни, абы и бжэр сыт щыгъуи зэIухат, цIыхухэм къыхах тхылъхэр езыхэм я карточкэхэм иратхэжырт, ахэр къахьыжмэ, нэгъуэщI къащтэу. Ди адэр сыт щыгъуи хущIэкъурт библиотекэм тхылъыщIэ зэрыщIилъхьэным: къуажэдэсхэм гъащIэм къащыхуэсэбэпыну къилъытэ зы тхылъи блимыгъэкIыу къищэхурт. Библиотекэр унейуэ щыт щхьэкIэ, ар зыхуэлажьэри зейри цIыхубэрт.

Апхуэдэу Нурбий, и ныбжьэгъухэр зыдигъэIэпыкъуурэ, къуажэм къыщызэригъэпэщауэ щытащ хэкурыдж музей. Къэралым и хъыбарыщIэ псори цIыхубэм езыгъащIэу щыта ТАСС-м 1967 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м къитауэ щытащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ а щIыналъэм щыяпэ къуажэ хэкурыдж музей. Адыгэ лъэпкъ тхыдэм ехьэлIа хьэпшып хьэлэмэт куэд щызэхуэхьэса а музейм и къызэгъэпэщакIуэщ Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм дэт курыт школым анэдэлъхубзэр щезыгъэдж Жылау Нурбий. Хэкупсэм ар тыгъэ яхуищIащ и къуажэгъухэм».

Къэралпсо радиомкIэ апхуэдэ хъыбар къатын папщIэ, сыт хуэдиз лэжьыгъэ епхьэлIауэ щытын хуейт а IуэхущIапIэм?! Еш жыхуаIэр имыщIэу, ди адэм зэхуихьэсыжащ ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и тхыдэм епха хьэпшып, сурэт, фащэ, нэгъуэщI Iэмэпсымэ куэд. ИужькIэ абыхэм хигъахъуэ зэпыту, езым и ахъшэкIэ щIыпIэ-щIыпIэхэм къыщищэхуу щытащ.

Музейр зыхуей хуэзэнымкIэ ди адэм дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуауэ щытащ Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, Куп Чэрим, Къэрмокъуэ Мэлил, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Кэцыбей Риммэ, Къэрмокъуэ Мухьэдин сымэ. Абы щIэлъщ ди къуажэм и цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр, музейм и Iыхьэшхуэ еубыд Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къыщыхьыным зеикъуэдэсхэм хуащIа хэлъхьэныгъэм, Польшэм, Чехословакием, Сирием, Иорданием, Германием, Голландием, Тыркум, нэгъуэщI хамэ къэралхэм щыщу Зеикъуэ щыхьэщIахэм ятеухуа тхыгъэхэр, абыхэм къуажэм тыгъэ къыхуащIа тхылъхэр, сурэтылъэхэр щIыгъуу. Музейр пыщIауэ щытащ Абхъаз, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей республикэхэм, Москва, Санкт-Петербург, Орёл, Ульяновск, Псыхуабэ къалэхэм дэт апхуэдэ IуэхущIапIэхэм. Жуковым и орденыр си адэм къратауэ щытащ а музейр къызэрызэригъэпэщам папщIэ.



**Жылау Нурбий и щIэблэм яхэсу**. *2002 гъэ*

**- И лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуа хэкупсэ гупсысэхэр къыщигъэлъэгъуэжа тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ уи адэм. Абыхэм ар, дауи, щелэжьар школым щызэфIих егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхухэм къащыдэхуэ зэманырщ. Абыхэм тхутепсэлъыхьыт, Арсен.**

- И гъащIэм нэхъыщхьэ дыдэу къыщилъыта Iуэхугъуэхэм ящыщщ зыпэрыта IэнатIэр икIи егъэджакIуэ IэщIагъэм цIэрыIуэ ирихъуауэ щытащ ар. Къарурэ щIэныгъэу иIэр абы ирихьэлIащ щIэблэр гъэсэным, узэщIыным, гъуэгу захуэ тегъэувэным. Хэкур фIыуэ ялъагъуу, хабзэрэ цIыхугъэрэ яхэлъу сабийхэр къэгъэтэджыныр лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхушхуэу къилъытэу щытащ ди адэм. ЗэрылъэкIкIи абы папщIэ куэд илэжьащ, езым и гъащIэ щапхъэри ди цIыху щэджащэхэм я дуней тетыкIари къигъэсэбэпурэ.

Адыгэ лъэпкъ гъэсэныгъэм и щэхухэм, абы и Iэмалхэмрэ чэнджэщхэмрэ щыгъуазэ дахуэзыщI тхылъ зыбжанэ къызэринэкIащ Нурбий. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Щэнгъасэ», «Унагъуэ тхылъ», «ЩIэблэфIыр фIыгъуэшхуэщ», «Куп Исмел-хьэжы», «ТIэмрашэ и дэфтэр», «ЩIэблэр гугъапIэщ» жыхуиIэхэр. И тхылъхэм ящыщ зым и пэублэ псалъэм езым зэрыщыжиIауэ, ахэр зыхуэгъэзар егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ я закъуэкъым, атIэ щалъхуа Хэкум хуэпэжу, ар хъумэным хуэхьэзыру, къэралым и хъугъуэфIыгъуэхэр гъэбэгъуэным, и лъэщагъыр гъэбыдэным, мамырыгъэм я телъхьэу, я гур къабзэрэ я бзэр дахэу, хьэлщэныфIэу, цIыху нэсу, хэкупсэу щIэблэр къэгъэтэджыным хущIэкъу дэтхэнэми я дэIэпыкъуэгъущ.

ЕгъэджакIуэ, гъэсакIуэ, узэщIакIуэ къудейтэкъым ди адэр. Ар апхуэдэуи журналистт, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшт. Ди адэм и тхыгъэ купщIафIэхэр радиомкIэ щIэх-щIэхыурэ къатырт, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм къытехуэрт. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIауэ щытащ ауан, гушыIэ хъыбархэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжани: «Сатыр пIаскIуэхэр», «Дизкъуажэ», «Дизкъуажэ мэгушыIэ», «Хъуэжэ и таурыхъхэр», «Дизкъуажэрэ Хъуэжэрэ», нэгъуэщIхэри. Лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэт абы бгъэдэлъ зэчийм. Ди адэм итхауэ усэ гупи щыIэщ. Абыхэм ящыщ зым, Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуам, сэ макъамэ щIэслъхьащ. Нобэ ар щагъэзащIэ Хэкум, тхыдэм, лъэпкъ хабзэм тегъэпсыхьа зэIущIэхэм, пшыхьхэм.

Ди адэм и нэгъуэщI жылагъуэ лэжьыгъэхэм я гугъу тщIымэ, ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм пщIэшхуэ щиIэти, жылэр зэдэарэзыуэ ар хахауэ щытащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и щIыпIэ къудамэу ди къуажэм къыщызэрагъэпэщам и тхьэмадэу. Абы къэрагъэза дзыхьыр игъэпэжу илъэс куэдкIэ а къалэнри зэрихьащ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэм щIыгъуу.

**- ЕгъэджакIуэм и Iуэху зехьэкIэр наIуэ зыщIыр и еджакIуэхэм яIэ зэфIэкIырщ. Сыт хуэдэу ядэлажьэрэт Нурбий и гъэсэнхэм? Абыхэм ящыщу хэт сымэ я цIэр къипIуэфыну?**

- Сабийхэм я егъэджакIуэ, узэщIакIуэ къудей мыхъуу, щыегъэджакIуи щыунафэщIи ди адэр абыхэм яIащ шынэхъыжь пэлъытэу, чэнджэщэгъу Iущу. СощIэж: лэжьапIэ нэужьым езыр къыщыкIуэжкIэ, нэхъыбэм абы и гъусэу къыздишэрт иригъаджэхэм ящыщ гупышхуэ. Ахэр япэщIыкIэ тIэкIу иригъэдзакъэрти, итIанэ библиотекэм ишэрт. Сыхьэт бжыгъэкIэ ахэр тепсэлъыхьырт яджа тхыгъэм хэт образхэм, зэпкърахырт къэхъукъащIэ гуэрхэр, езыр зэджа тхылъыщIэхэм яхутепсэлъыхьыжырт. Къуажэм дэт курыт школ №1-м «Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ», «ЦIыхумрэ жылагъуэмрэ» жыхуиIэ предметыщIэхэр щаригъэджа лъэхъэнэми щIэблэм зыхутепсэлъыхьынур нэхъыбэжти, и къаруи зэмани еблэжыртэкъым ар.

Нурбий иригъэджахэм къахэкIащ ди республикэм и IуэхущIапIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуа лэжьакIуэ пашэхэр. Абыхэм яхэтщ дохутыри егъэджакIуи, щIэныгъэлIи къэхутакIуи, тхакIуи усакIуи, мэкъумэш IэщIагъэлIи инженери, щэнхабзэ лэжьакIуи къэрал къулыкъущIи. Я IэщIагъэкIи зрагъэгъуэта щIэныгъэкIи ахэр зэхуэмыдэми, псори зэтохуэ я лъэпкъ гупсысэкIэ, яхэлъ хабзэмрэ нэмысымкIэ. Апхуэдэ хэкупсэхэм ящыщщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Унэж Хьэсэн, Пщыгъуэтыж Алий, Къущхьэ Хъусен, Шыгъушэ Хьэбас, Къазий Ахьмэд, Сэбаншы Хъулимэт, Хьэмыкъуэ Лизэ, Шафий Iэминат, Щомахуэ Мухьэмэд, Къарэнашэхэ Розэ, Валентинэ, Руслан, нэгъуэщIхэри. Ди адэм ныбжьэгъу пэжу икIи лэжьэгъу акъылыфIэу иIащ АбытIэ Хьэжмурат.

**- ЖыпIэнурамэ, къуажэм, абы дэс цIыхухэм, къыдэхъуэ щIэблэм папщIэ псэуащ уи адэ Жылау Нурбий. Абы къигъэна щIэин къулейр хэмыгъэкIуэдэжыным ехьэлIауэ сыт хуэдэ гупсысэхэр уиIэ?**

- Апхуэдиз Iуэхур щызэфIих, нэгъуэщI мурадышхуэхэр щищI зэманым щыгъуэ ди адэм куэдым къыжраIэрт: «Зыри къыбдэмыIэпыкъуу, къэралым зы соми къуимыту, мыпхуэдизым ущIелIалIэр сыт?» - «Ар си къалэнщ. Сэ схуэдэхэрщ зыщIэн хуейри. Зыгуэр къакIуэу «фи тхыдэ зэхуэфхьэсыж, фи хабзэ фхъумэ» жиIэнукъым. АбыкIэ щIэблэр зыщыгугъыр дэ нэхъыжьхэрщ», - жэуап итыжырт ди адэм. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, абы и гъащIэ псор тыхь хуищIащ лъэпкъ Iуэхур, хэкупсэ гъэсэныгъэр егъэфIэкIуэным.

Илэжьа IуэхуфIхэм папщIи фIыщIэ жыг хухасэну зэи гугъакъым. Ауэ, адыгэ псалъэжьым зэрыжиIащи, фIым фIыщIэ пылъщ. Къуажэдэсхэми ящыгъупщакъым абы зэфIиха IуэхуфIхэр, абыхэм пащэ, хагъахъуэ. Лэжьыгъэ купщIафIэ щекIуэкIыу щыта библиотекэм иджыри къокIуалIэ школакIуэхэр, тхыдэмкIэ, литературэмкIэ зыхуеину щIэныгъэхэм я лъыхъуакIуэу. АрщхьэкIэ хьэпшыпыщIэхэр, стендыщIэхэр зыхэзгъахъуэ музейр хъума хъун папщIэ, ар нэгъуэщI щIыпIэ гъэIэпхъуэн, Iуэхур зезыхьэн, сабийхэм ядэлэжьэн IэщIагъэлIи къэщтэн хуейщ, си адэхэкупсэм и Iэужьыр къуажэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщи.

**- Упсэу, Арсен. Фи адэ-анэм я пщIэр фIыгъыу, я щIэиныр вгъэбагъуэу куэдрэ факIэлъыпсэуну ди гуапэщ.**

*Епсэлъар*
**ЖЫЛАСЭ Маритэщ**.


ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Къанщобийрэ «Ретро» спектаклым щоджэгу.


Ипхъу Венерэ и гъусэу.


Хьэмыку Жаннэ и гъусэу «Лъагъуныгъэм и къару» спектаклым хэтщ.

● ДифI догъэлъапIэ

# Гъуазджэм и лIэужьыгъуэхэр зи IэщIагъэ

## Хьэщэ Къанщобий и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу

**Зи утыку итыкIэр, игъэзащIэ ролхэр гъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм гуимыхуж ящыхъухэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Хьэщэ Къанщобий Заудин и къуэр. Мы махуэхэм абы и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуащ.**

ЗЭРЫЦIЫХУ псэ къабзэмкIэ, нэгу зэIухамкIэ, ныбжьэгъу зыIыгъыф-зыгъэпэжыфу зэрыщытымкIэ укъыдехьэх абы. Езым и щхьэм дэтхэнэри зэрырилъытым и щыхьэту, хьэрэмыгъэншэщ, хъуагъэщагъэ лъэпкъ хэлъкъым. Дауи, аращ къызыхэкIыр нэгъуэщIхэм къыбжамыIэн, ябзыщIын гуэрхэр къыуиIуэтылIэныр зыми зэрыщымыщыр. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы ибзыщIыркъым школ нэужьым и адэм Мэхъэчкъалэ ишэу, фэтэр къыхуищтэу, тумэнипщI ириту къыщигъэнауэ зэрыщытар. Сурэт щIыным дихьэх щIалэ цIыкIур гъуазджэм щыхурагъаджэ училищэм абы щыщIэтIысхьэн хуейуэ арат. АрщхьэкIэ къуажэм къыщыхъуа, сурэт щIыным зыми хуимыгъэса щIалэ цIыкIур щIэхуакъым. Сурэт щIын фIэкIа нэгъуэщI IэщIагъэ щыIэу ищIэртэкъым Къанщобий, дихьэхат, и псэм хэлът икIи зигъэхьэзыру, иджыри зэ еплъыжын и гугъат. Ауэ... ГъащIэм псори дызэримыгугъауэ зэредзэкI.

Дзэм къулыкъу щищIэу къэкIуэжа иужь, Къанщобий унагъуэ иухуащ. Зы мэскъалкIи гъащIэ гъуэгу къыхихам хущIегъуэжакъым Къанщобий. И щхьэгъусэ Ирэрэ абырэ насыпыфIэу зэдопсэу, щIалэрэ хъыджэбзрэ зэдапIащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ. Езыхэращи, къуэрылъху-пхъурылъху щIалэ цIыкIуищым ягъэгушхуэ, ягъэин адэшхуэ-анэшхуэхэщ.

ТIэкIу ипэ сызэрилъэдар щIэджыджакIуэхэм къысхуагъэгъуну солъэIу икIи Къанщобий и гуащIэмкIэ къызогъэзэж.

1961 гъэм Тэрч районым хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм къыщалъхуа щIалэр 1984 гъэм щIэтIысхьащ Щукин Борис и цIэр зезыхьэ театр училищэм. Езым и жыIэм тепщIыхьмэ, зэрымыщIэкIэ. Театрым кIуауэ, зэплъа спектаклыр игу ирихьащ Хьэщэм. Мазэ нэхъ дэмыкIыу газетым тету илъэгъуащ Москва къикIауэ артисту ирагъэджэну гуп къызэрыхахыр. Экзаменхэр итащ. И теплъэкIэ, и адыгэбзэ къабзэмкIэ гунэс ящыхъуагъэнщ Хьэщэр, Москва ягъэкIуэнухэм ящыщ зыуэ къыхахащ. Артистым иIэн хуей щIэныгъэм и лъабжьэр щагъэтIылъа курсым и художественнэ унафэщIу щытащ Стромов Юрий. ЕджапIэр диплом плъыжькIэ къиухауэ, 1988 гъэм Налшык къигъэзэжащ. А гъэ дыдэм ар уващ Къэбэрдей театрым икIи нобэр къыздэсым ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэу, утыку кърихьэ образхэр цIыхухэм я фIэщ хъуурэ, зыхэт гупым фIы и лъэныкъуэкIэ къахэщу мэлажьэ.

Илъэс плIыщIым нэблэгъа пIалъэм Къанщобий щыджэгуащ спектакль куэдым. Апхуэдэхэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Островский А. и «Уафэгъуагъуэ» (Борис и ролыр), Лохвицкий М. и «Уафэгъуагъуэ макъ» (Илья), Къармокъуэ М. и «Лъагъуныгъэм и къару» (Мурадин), IутIыж Б. и «Тыргъэтауэ» (алыдж дзэзешэ), «Гуащэмыдэхьэблэ» (Дизыкъуажэ), «Кхъужьеибэ» (Беслъэн), КъардэнгъущI З. и «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ» (Хъаныкъуэ), Эдуардо де Филиппэ и «Цилиндр» (Рудольф), Саган Ф. и «Удзым хэт пианинэ» (Анри), Гоголь Н. и «Фызышэ» (Кочкарев), Мольер Ж-Б. и «Хуэмыхъуу ягъэIэза» (Сганарель), Шиллер Ф. и «ХъунщIакIуэхэр» (Франц), Гоголь Н. и «Ревизор» (Городничий), Думэн. М. и «Уэлий и парашют» (ефэнды), Гольдони К. и «Трактирщица» (Альбофьоритэ графыр), Толстой А. и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» (Филипп), Мамий Е. и «ГъащIэм щыщ мазищ» (Хьэкъарэ) спектаклхэм, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэуи Хьэщэр хэтащ ХьэщIэмыз Русланрэ ХьэщIэгъуэгу Къэсейрэ «Ленфильм»-м щытраха «Сумерки надежд», режиссёрхэу Алиев Мурадрэ Пуустусмаа Андресрэ я «Белый песок», Битокъу Владимир и «Анкер», Хьэмыкъуэ Олег и «Земля нартов», «Армия» фильмхэм.

Хьэщэ Къанщобий и хьэлыр, и лэжьэкIэр зэрылантIэ-гъэшыгъуафIэм и фIыгъэкIэ сыт хуэдэ и ролри гукъинэж мэхъу икIи театреплъхэм ахэр ягу дохьэ. Дэтхэнэ образми актёрым и зэчийм и лъэныкъуэ, цIыхухэр зыщымыгъуазэ гуэр къызэIуех. Къанщобийрэ режиссёрхэмрэ тыншу, хуиту зэдолажьэ, зэгурыIуэу, зэщIыгъуу я гукъэкI гъэщIэгъуэнхэм гъуэгу ират. Илъэс куэд щIауэ зэрылажьэр, театрым и Iуэхум фIы дыдэу зэрыхищIыкIыр, емызэшыжу и IэнатIэм зэрыпэрытыр хыболъагъуэ Хьэщэм и IуэхущIафэ псоми, и утыку итыкIэми. IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэм, абы жэуаплыныгъэшхуэ пылъу зэрыбгъэдыхьэм я фIыгъэщ и гъусэу джэгуну артистхэм щIафIэтыншыр.

- Къанщобийрэ сэрэ Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэм дызэрыщIэтIысхьэрэ дызэроцIыху, ар къызэрыдух лъандэрэ дызэдолажьэ, - жеIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ Тхьэщыгъуей Жаннэ. - Зы тIэкIукIэ сэр нэхърэ нэхъыжьт Къэнщауэ (аращ дызэреджэр), ауэ и дуней тетыкIэм, гъащIэм хуиIэ гукъыдэжым, и гушыIэ дахэм я фIыгъэкIэ зыкIи къытхэщыртэкъым нэхъыщIэхэм. Артист лэжьыгъэкIэ къапщтэмэ, и теплъэкIи, и макъкIи «герой» амплуам хуэкIуэу апхуэдэт. Спектакль зыбжанэм дыздыхэтащи, роль дэпщIыну гуапэщ, сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъу къыпхуэхъуу, зэрызыкъыпщIигъэкъуэн иужь иту апхуэдэщ. И унагъуэращи, сихьэ-сикIыу дызэкIэлъокIуэ,



ерыскъы зэдыдошхри, нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэщ. И щхьэгъусэ Ирэ ауэ къызэрымыкIуэу цIыхуфIщ, зэкъуэту я бын и гуфIэгъуэ хэплъэну си гуапэщ. Къэнщауэ сызэрыхуэхъуапсэри сызэрыхуэлъаIуэри узыншагъэщи, утыкур дяпэкIи зэригъэбжьыфIэфын, лъэпкъыр зэриIэтыфын, и къуэрылъху, пхъурылъху цIыкIухэр и нэIэ щIэту къызэриIэтыфын хуэдиз Тхьэм кърит.

Хьэщэ Къанщобий псалъэ гуапэ хужызыIэхэм ящыщщ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, режиссёр Дэбагъуэ Роман.

- Дызэдеджащ Къанщобийрэ сэрэ. АпхуэдизкIэ дызэныбжьэгъути, тIорэ щэрэ къытхуихуащ щэбэт махуэм мафIэгум дитIысхьэрэ Ленинград (иджы Санкт-Петербургщ) дыкIуэу, тхьэмахуэ пщыхьэщхьэ хъухукIэ къыщыткIухьрэ еджапIэ кIуэгъуэм ирихьэлIэу Москва дыкъэсыжу. Актёру зыкъомрэ дызэдэлэжьащ, иужькIэ режиссурэм зестыжри, згъэува спектакль зыбжанэм хэтащ. Псори къыпхуебжэкIын, ауэ абыхэм ящыщщ Саган Франсуазэ и «Удзым хэт пианинэ», Уильямс Теннесси и «ХъуэпсапIэм и трамвай», Нало Заур и «IэфIынэ и нэ фIыцIитIыр» спектаклхэр, нэгъуэщIхэри. Артист щыIэщ «театрыншэу сыпсэуфынукъым» жиIэу, я гъащIэм, я унагъуэм япэ ар ирагъэщу. Къанщобий артистыфIщ, ауэ апхуэдэкъым. Абы гъащIэр фIы дыдэу елъагъу, сурэт трех, щIыуэпсым апхуэдизкIэ дехьэхри, игу щызу зиплъыхьынущ, и унагъуэм ипи зыри иригъэщынукъым. Ар зэран къыхуэхъуркъым и актёр къалэныр щIыхь пылъу, зыхуей хуэзэу ирихьэкIынымкIэ, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэнымкIэ, - жеIэ Роман.

«И лэжьыгъэ IэнатIэу аращ ар», - жызыIэни щыIэну къыщIэкIынщ, ауэ Хьэщэр емыгупсысу, имыгъэпIейтейуэ щыткъым а IуэхущIапIэм и нобэм, и къэкIуэнум. «ГъащIэм ещхьу пIащIэрыщIэ хъуащ театрым и лэжьэкIэр, - жеIэ Къанщобий. - Ар зы лъэныкъуэкIи фIы хъунщ, щIэх-щIэхыурэ премьерэхэр щыIэщ. Ауэ ролым къыщыплъыса псалъэхэр зэбгъэщIэным зэман зэрыте-кIуадэр къыумылъытэми, а образым уихьэн хуейкъэ?! УщыуэнкIэ зэрыхъунум уемыгупсысыжу хуиту утыкум уитыфын щхьэкIэ жыпIэн хуейхэр гукIэ пщIэныр мащIэщ, ролыр «къэппсэууэ» щытын хуейщ. ЩIалэгъуалэм къаймыхьэлъэкIми сщIэркъым ар, ауэ спектаклым зэрызыхуэдгъэхьэзыр зэманыр зэрымащIэм сэ сигъэтыншкъым».

Къанщобий гуныкъуэгъуэу иIэхэм ящыщщ театрым щылажьэхэм унэкIэ къызэмыгъэпэща нобэр къыздэсым зэрахэтыр, республикэм и щIыхьыцIэ къалэжьу зыхуамыгъэфэщахэр зэрыщыIэр. «ТыIэщ Маринэ, Мэкъуауэ ФатIимэ сымэ хуэдэкъэ «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» зыхужыIэн хуейхэр? Маринэ и утыку итыкIэр зэрынэгъэсар долъагъу псоми. ФатIимэ и артистыгъэм и гугъу умыщIи, дэнэ дыкIуэми абы зэридзэкIа тхыгъэхэр ягъэщIагъуэ, театрым хуищIэр къалъытэ. Ди щхьэм пщIэ хуэтщIыжыр пэжмэ, гулъытэншэу ди зы артисти къэдгъанэ хъунукъым», - жеIэ Къанщобий.

Хьэщэ Къанщобий адрейхэм къахощ емызэшу зэрылажьэмкIэ, ауэ зыхуэткIиижу зэрыщытым къыхэкIыу, и IуэхущIафэм нэгъэсауэ арэзы щищI куэдрэ къэхъуркъым. Арагъэнщ Хьэщэр и зэфIэкIым зэрыхигъэхъуэным зэпымыууэ яужь щIитыр, щIэ гуэр лъыхъуэ зэпыту хэплъыхьын-хэщыпыхьыныр щIихьэлыр. Театрым и жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтщ ар. Пщэрылъ къыщащIа зы къалэн Iэпэдэгъэлэл ищIынукъым, къызэрыщыгугъым нэхърэ нэхъыфIу къащыхущIэмыкIаи къэхъуакъым.

Зэрысабийрэ зыщIэхъуэпс сурэт щIыныр Iэщыб ищIакъым Къанщобий. Дахэу, гупсысэ щIэлъу къигъэщIа IэдакъэщIэкIхэр куэд мэхъу, зыи утыкушхуэ щыгъэлъагъуэ! Сурэт техынращи, и псэм хэлъам химыхыну дэзыхьэх Iуэхущ. А IэщIагъэм и щэху псори зэрищIэм шэч къытепхьэжынукъым абы триха лэжьыгъэхэр плъэгъуа иужь. «Свой стиль» фотоклубым хэтщ Хьэщэр, абы къызэригъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэм макIуэ, хэтхэм и чэнджэщ ярехьэлIэ, къыжраIэхэми нэхъуеиншэу хуэтхьэкIумафIэщ. АрщхьэкIэ и сурэттехым къиубыдахэр е лэч щхъуэкIэплъыкIэм тхылъымпIэм къытрина и гуащIэр къызэщIэкъуауэ цIыхухэм я пащхьэм кърихьэну пIащIэркъым. «Мыбдежми сыщыщхьэхынэщ, Залинэ, зысхуегъэлIалIэркъым, къысхуехьэжьэркъым, - къызжеIэ Къанщобий, гушыIэ щIыкIэу. - Абы и закъуэуи къыщIэкIынукъым. ИщхьэкIэ зи гугъу сщIа зыхуэмыарэзыжыныгъэри зэран хъууэ къысщохъу»...

ТеплъафIэ, гупсысафIэ, макъыфIэ, бзафIэ... нэгъуэщI куэд къызыхупыпщэ хъуну артист гъуэзэджэм гъащIэ узыншэ къыпэщылъу къыщIэкIыну, дызыщыгуфIыкIын, гукъинэ тщыхъун роль куэдкIэ дяпэкIи дигъэгуфIэну ди гуапэщ. Гурылъу, гухэлъу уиIэр къыбдэхъуну, Къанщобий!

**ИСТЭПАН Залинэ.**

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ

## Зи гущІэ щІэращІэм гъащІэр хуэжыІэщІэщ

♦ЦІэрыІуагъым ухущІэмыкъу - зыхуэфащэр езым къегъуэт.
♦И кІэм нэс узэхэзыщІыкІыр псэкІэ уи гъунэгъурщ.
♦Щытхъу лейм цІыхур егъэжакъуэ.
♦Нэмыс зэрылъ унагъуэм насыпыр щабэу щызокІуэ.
♦ЦІыху зэщІэгъэстакІуэмрэ щІэпхъаджащІэмрэ зы лъэмбым итщ.
♦И къуаншагъэр зэзыгъэзэхуэжыр цІыху нэсщ, апхуэдэр уи жьантІэм дэгъэс.
♦Зи псэр къабзэм и бзэр быдэщ, щІыбагъ псалъи ар хуэмей.
♦Зызыгъэгусэм ухуэмыгусэ - ныбжь хьэл хуэхъунщ.
♦Зи хьэл зэтемыхуэ ныбжьэгъуи псэгъуи зэхуэхъуркъым.
♦Щхьэхуещэ и Іуэху ухэмыхьэ - бэлыхь ухэхуэнщ.
♦Зи гущІэ щІэращІэм гъащІэр хуэжыІэщІэщ.
♦ЦІыху фэрыщІыр уи гущІэм къоплъэф.
♦Бын насыпыр напщІэтелъщи, бын мыхъумыщІэм мыгъуэ уещІ.
♦Псалъэмакъыр къызэрежьэу умыужьыхмэ, батэу ежэжьэнущ.
♦ЦІыхур зыхуэдэр къыщыпщІэр къыпхуэбэмпІа нэужьщ.
♦КІэщІущ щыуэ и хабзэкъым, къыщымыщ и бзыпхъэкъым.

БЕЙ Жансурэт.

### ● Псалъэхэм я мыхьэнэр

### Хъуапсэрытэ

ЦІыхухэм я зэхущытыкІэм ехьэлІа хабзэщ. ХьэщІэ къыпхуэкІуауэ е уи ныбжьэгъур уи Іэщэ-фащэ, шы, шы Іэпслъэпс, нэгъуэщІ хьэпшып гуэрхэм ехъуэпсамэ, адыгэ хабзэм ипкъ иткІэ ептын хуейт. Абы «хъуапсэрытэкІэ» еджэрт.

### ХъуэхъуакІуэ

ЦІыхухэм я зэхущытыкІэм ехьэлІауэ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекІуэкІ хабзэщ.

ГуфІэгъуэ зиІэ унагъуэм (нысэ къыхуашауэ, япхъу яшауэ, щІэблэ къихъуауэ, унэщІэм щІэтІысхьэжауэ, хэхъуэ иІауэ, н.къ. щытмэ) кІуэурэ благъэ-Іыхьлыхэр, гъунэгъу-жэрэгъухэр, ныбжьэгъухэр йохъуэхъу. Зыгуэрым и гуфІэгъуэр я гуапэ зэрыхъуар, зэрафІэфІыр жраІэну, ягъэгушхуэну зэрыкІуэмрэ абы кІуэ цІыхухэмрэ «хъуэхъуакІуэкІэ» йоджэ. Хабзэ дахэр ноби щыІэщ.

### ● Шхыныгъуэ

## Хьэ хьэжыгъэм къыхэщІыкІа щІакхъуэ

Хьэ хьэжыгъэ ухуэнщІам и кур къратхъу, абы пщагъэр, шыгъур зыхэшыпсыхьа псы хуабэ иракІэ. Сэхуран дагъэ хакІэри, мыбыдэ Іейуэ тхьэвыр япщ. Тхьэвым хъыдан къабзэ трапхъуэри, сыхьэтрэ ныкъуэкІэ хуабапІэм щагъэтщ, къэтэджын щхьэкІэ. ИтІанэ дагъэ зыщыхуа тебэм тхьэвыр иралъхьэ, и щхьэфэр захуэ ящІри, хьэкулъэкІэ ягъажьэ дакъикъэ 30 - 40 хуэдизкІэ. Хуабэу яшх. Шатэ, шху дашх, къалмыкъ шей драф.

***Халъхьэхэр:*** хьэ хьэжыгъэу - г 800, пщагъэу - г 40, псыуэ - г 350-рэ, сэхуран дагъэу - г 50, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.





### ● Псэущхьэхэр

## Къыдыр

КЪЫДЫРЫР шымрэ шыдымрэ я кум къыдэкІ псэущхьэщ. Абы хэлъщ шым и пкъым и инагъымрэ и лъэм и псынщІагъымрэ, шыдым и бэшэчагъымрэ. И шхынкІи и хуэІухуэщІэкІи псэущхьэ къыинкъым. И лъагагъыр сантиметри 110 - 140-рэ мэхъу.

Мы псэущхьэр нэхъыбэу щызэрахуэ Азием, Африкэм, Европэм и ипщэ лъэныкъуэм, Америкэ Ищхъэрэми Ипщэми. Дуней псор къапщтэмэ, абыхэм я бжыгъэр мелуан 15-м нызэрохьэс. Ди лъэныкъуэмкІэ нэхъ щагъэхъур Кавказ Ипщэмрэ Азие Курытымрэщ. А щІыпІэхэм щыпсэу къыдырхэм я бжыгъэр минищым щІегъу.

### ● Адыгэ ІІакъуэхэр

## Бжьэдыгъухэр

ИЖЬ-ижьыж лъандэрэ бжьэдыгъухэр тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм - ТІуапсырэ Шачэрэ (Сочирэ) я зэхуакум щыпсэуащ. Ахэр къэгъуэгурыкІуащ тІууэ гуэшауэ - хъымыщейхэмрэ чэчэнейхэмрэ. XVII лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм бжьэдыгъухэм тенджыз Іуфэр ябгынэри, Кавказ къуршхэм я ищхъэрэ лъэныкъуэр хэщІапІэ ящІащ. XVII лІэщІыгъуэм икІэхэм абыхэм яІыгъащ ІэфІыпс псыхъуэм къыщегъэжьауэ Пшышэ нэс.

XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм я щхьэхуитыныгъэм папщІэ бжьэдыгъу мэкъумэшыщІэхэм бэнэныгъэ гуащІэ ирагъэкІуэкІащ. 1796 гъэм щыІа Бзиикъуэ зауэм къыщыщІэдзауэ 1856 гъэ пщІондэ ар екІуэкІащ, зэм гъэпщылІакІуэхэр, зэми лэжьакІуэбэр текІуэу. Уэркъ-мэкъумэшыщІэ зауэр 1856 гъэм иухащ, пщыуэркъхэр хэкум ирахуауэ, лъахэм республикэ псэукІэ щагъэпсауэ. Абы и унафэр цІыху 18 зыхэт тхьэрыІуэ хасэм и ІэмыщІэ илът. Бжьэдыгъухэм я республикэр зэрыщыІар илъэсищ къудейщ - 1859 гъэм лъахэр урыс пащтыхьыдзэм иубыдри, адыгэхэм я демократ псэукІэр икъутэжащ.

Иджыпсту бжьэдыгъухэр зэуІуу щопсэу Адыгэ Республикэм, Краснодар крайм, Тыркум. Бжьэдыгъухэр адыгеибзэм (кІахэ адыгэбзэм) иропсалъэ.

### ● ГушыІэ

### Щхьэ укъызэупщІрэ-тІэ?

Мэз къикІыжрэ пэт, Хъуэжэ зылІ кърихьэлІащ.

- Дэнэ ущыІа, Хъуэжэ? - къеупщІащ лІыр.

- Мэшых сыщыІащ, хукхъуэ къызошэ, - жиІащ Хъуэжэ.

- АтІэ уи гум илъыр пхъэи: мэз ущыІа хъунщ, - жиІащ лІым.

- Си гум илъри мэз сызэрыщыІари щыпщІэкІэ - емынэм узэрихуэрэ, щхьэ укъызэупщІрэ-тІэ? - жиІащ Хъуэжэ.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Нэм щІэлъыр ... къыщІехуу, гум илъыр фадэм къреху. **3**. Псэр ящэри, ... къащэху. **7**. Аргъынэ кІыхьыр и жагъуэщ, ... кІы гъуанэр и щІасэщ. **9**. Хьэр гугъу ехьынумэ, чэруаным ... . **11**. ... занщІэу къыбжиІэнш, бийм уи щІыбкІэ щигъэІунщ. **14**. КъуанщІэм нэ хуащІати «... » жиІащ. **15**. ГъущІ куэбжэ зиІэ гъущІ ... щощІэ. **16**. Зы ... уигу сыкъэкІи, а зыри кунэфу къыщІыкІ. **17**. Гъэмахуэм гупкІэ жьауэри ... .

***Къехыу:*** **2**. Хамэ ахъшэ зепхьэмэ, уи жыпыр ... . **4**. Зэкъуэш ... зы анэм къилъхуркъым. **5**. Къупщхьэ къуаншэщи, лы ... дахэщ. **6**. ... здэщымыІэм дзыгъуэ щоятэ. **8**. Щауэ ... нысащІэ гъэшынэщ. и. Бзум ... си мэш ешх. **10**. ШыщІэ къамылъхуам ... хузэщІелъхьэ. **11**. Пщэдейрей ... нэхърэ нобэрей бзу. **12**. Пхъэ ... псы мывэрэ щыІэкъым. 13. Ди унэжь ... мафІэ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.



***ЩІышылэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **4**. Хьэжэпхъажэ. **5**. Лъахъстэн. **7**. КІыщ. **8**. Щиху. **10**. Нэрыбгэ. **11**. Пхуэфащэмэ.
***Къехыу:*** **1**. Лъэ. **2**. Апэсы. **3**. КІуж. **5**. ЛъэкІэн. **6**. Нэхулъэ. **9**. Шынакъ.
**12**. Хугу. **13**. Мы.

● Урысей студентыгъуэм пщэдей и махуэщ



КъБКъУ-м и медицинэ академием и 4-нэ курсым щеджэ ныбжьыщIэхэр.

# ЩIалэгъуалэр зэкъуэзыгъэувэщ

**Гъэм халъхьэ, щIым хуогъэтIылъэ, жаIэ адыгэхэм. Гъэмахуэм Iуэху зэпщIылIэр щIымахуэм Iэфlу бошхыж, жыхуиIэщ. ЦIыхур и гуащIэ и шхыгъуэ ихуэн папщIэ, щIапхъэ зэрыщыIэр пщызымыгъэгъупщэ жыIэгъуэщ ар. Ауэ цIыхур щыIэн щхьэкIэ щIэныгъи хуейщ. Гъэм зэщIэплъыкIи, щIым гъэущкъулэ, щIыжаIари аращ, илъэс псокIэ еджи, бджар зы тIысыгъуэкIэ къызыкъуэхыж, кърагъэкIыу. ЩIымахуэ шылэр и нэбдзыпэ къыщIоплъ, жаIэ, уигъэщIэшхуи зыхэбгъэщIышхуи зэрыщымыIэм къыхэкIыу. Мис абы щыгъуэщ тэлайкIэ ущызыщIэувыIэр: щIэныгъэм и мыхьэнэм гу щылъыптэри, абы и къигъэхъуапIэхэр Iупщlу щыплъагъури абдежщ. Зэм-зэм уогупсыс, адыгэ дуней лъагъукIэм щыгъуазэу армырауэ пIэрэт, Урысейм и студентхэм я махуэщIыр къыхэзылъхьахэр?.. Зи щIалэгъуэ дахэр езыхьэкI ныбжьыщIэхэм а махуэр нэщхъыфIэу ирахьэкIын хуейуэ щытми, ар зы далэ гуэрщ, къызэпача щIэныгъэ гъуэгур кърапщытэжын, здынэсамрэ здэкIуэмрэ иджыри зэ щIэрыщIэу зэрагъэзэхуэжын папщIэ.**

ИЛЪЭС къэс Урысейм и студентхэм щIышылэм и 25-р ягъэмэхуэщI. ЗэрыжытIащи, щIымахуэ шылэр къоплъэ, ауэ зи лъы къэплъыгъуэхэр йолъйопкI. Махуэгъэпсым Татьянэ и махуэкIэ еджэу плъыжьу къыхигъэщыр лъэмыжым ещхьщ: абы зэпещIэ блэкIам къыхэна къэхъукъащIэхэмрэ щIалэгъуэмрэ, пасэрей чыристан тхыдэмрэ щIэныгъэм и зыIэтыгъуэмрэ.

И дин фIэщхъуныгъэр хьэкъыу зыпхыкIа Татьянэ и цIэращ махуэшхуэм зэрихьэр, ар зыпэщIэта гугъуехьхэм зэрызримыгъэщIыкIар, пхуимыудын бэшэчагъ зэрыхэлъар, къарумыкIуэщI къызэрызыкъуихар щIалэгъуалэм я дежкIэ зэрыщапхъэр къигъэлъагъуэу. ФIэщхъуныгъэм кърита щIэныгъэм а бзылъхугъэр лъагэу иIэтащ, щIэуэ къапщIэм нэр зэригъэплъэжыр, узыщымыгъуазэу узылъэIэсым гъащIэр зэригъэнэхур зыхэтхэм нахуэ ящищIащ. ЛIэщIыгъуэ пщыкIутху тещIэжын хуейт, Татьянэ и махуэр щагъэлъапIэ 1755 гъэр къэсын хуейт, Мэзкуу дэт университетыр пащтыхь гуащэ Елизаветэ и унафэкIэ къызэрагъэпэщын щхьэкIэ. А еджапIэр иужькIэ щIэныгъэм и кIыщ нэсу зэфIэуващ, щылэжьа куэдри цIыхубэм я егъэджакIуэ, узэщIакIуэ, унэтIакIуэ хъуащ. Татьянэ апхуэдэ щIыкIэкIэ пэжыр къэзылъыхъуэ, дунейм и щэхухэр къэзытIэщIыну хущIэкъу студентхэм я «щыжакIуэ-хъумакIуэу» къалъытащ.

Нобэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ щызэIэпэгъу лъэхъэнэ гъэщIэгъуэн дыхопсэукI. Еджэным и мыхьэнэр щызыхащIэ, щIэныгъэм и лъапIэныгъэр щызэхащIыкI, тIури щызэхэт гъащIэр зэрыкупщIафIэр къащыгурыIуэ зэманщ. ЩIэх-щIэхыурэ зэхыдох умыгушхуэнкIэ Iэмал зимыIэ щIалэгъуалэ ехъулIэныгъэхэм я хъыбарыр. НэхъыжьыфIхэм ягъэгъуэза щIалэгъуалэм я зэфIэкIхэр теухуащ жылагъуэ щыIэныгъэр егъэфIэкIуэным, лъэпкъ щIэжыр къэIэтыным, цIыху щхьэхуэхэм я зэхэщIыкIым гулъытэ хуегъэщIыным. КъытщIэувэ ныбжьыщIэхэр губзыгъэщ, акъыл жанщ, набдзэгубдзаплъэщ, гулъытэшхуэ зиIэщ.

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым щеджэ щIалэгъуалэр ди щIыналъэм и щIыдэлъху лъэпкъхэм я гугъапIэщ, я пщэдейр нэху ящIыну зыщыгугъ акъыл къигъэхъуапIэщ. Зи цIэ къитIуа еджапIищри щIыналъэм и хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ. Абыхэм зи гъащIэр езыпха студентхэри хущIокъу еджапIэхэм я цIэр фIыкIэ къызэрырагъэIуэным, я ехъулIэныгъэхэмкIэ я пщIэр зэраIэтыным. ЩIэныгъэхэмкIэ зэхьэзэхуэбэ щыIэмэ, ди щIыналъэ студентхэр зэпымычу я Iэужьхэмкlэ, лэжьыгъэхэмкIэ, къэхутэныгъэхэмкIэ зэпоуэ. Ауэ ахэр зэрешалIэ Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэм, къызыхэкIа лъэпкъхэм зэрагъэгушхуэм, нэхъыщхьэращи, зэгъусэу зэдахь щIалэгъуэ дахэм.

ЕджапIэ нэхъыщхьищми къекIуалэ студентхэм я дежкIэ IэщIагъэ зэгъэгъуэтыным мыхьэнэшхуэ иIэми, нэхъыщхьэр абдеж къыщыщIах щIэныгъэм цIыху нэс къазэрыхищIыкIыр арагъэнущ. Курыт еджапIэм щIэсыху ахэр щIагъэдэIу еджэн, цIыхугъэрэ гъэсэныгъэрэ яхэлъын, адэ-анэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я пщIэр хъумэн зэрыхуейм. А псалъэхэмрэ ущиехэмрэ щхьэм щызэтрехьэри, къарыкI дыдэр наIуэ щыхъур еджапIэ нэхъыщхьэращ. Мыбдеж гупсысэкIи, дуней лъагъукIэкIи, цIыху щIыкIэкIи зэмыщхь куэд щызэрохьэлIэ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэрэ хущытыкIэрэ къахуэбгъуэтын хуейуэ. Апхуэдэ щытыкIэм курыт еджапIэм къыщрата есэныгъэхэр щхьэпэ щохъуж, университетхэмрэ институтхэмрэ а есэныгъэхэми псэщIэ къыхалъхьэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, уадыгэным, адыгагъэ зепхьэным, Адыгэ Хабзэм утетыным къикIыр нэгъэсауэ къащыгурыIуэр мыбдежщ. Зи лъэпкъыщхьэр зэхэзыщIыкIам дуней гупсысэкIэ имыIэнкIэ Iэмал иIэкъыми, щIыналъэ университетхэм апхуэдэ щIыкIэкIэ лъэпкъхэм я гъащIэр кIыхь зыщI щIэблэр егъасэ, егъэгъуазэ, еунэтI.

Адыгэ зэхэщIыкIыр, балъкъэр шыIагъэр, урыс хуабагъэр щызэщIэжьыуэ еджапIэхэр нэхъри щхъуэкIэплъыкIэ ящI хамэ щIыпIэхэм къикIа ныбжьыщIэхэм я щэнхабзэхэми. ФIыр фIы хуэлъэщ, жаIэ. НобэкIэ къыпхыхьам и дахэр къапщтэу уи фIыр ирибгъэщIэрэщIэну уасэ иIэкъыми, щIэблэщIэм хуэдэу ар зыхузэфIэкIын щыIэкъым - нэгузыужь пшыхьхэмкIэ, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэмкIэ, махуэщI дауэдапщэхэмкIэ дунейпсо щэнхабзэхэм я дахэр ди щIыналъэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щызохъуажэ. Абы Налшык къалэр щIэныгъэм и щыхьэр ещI, езы махуэщIми и купщIэр къызэщIегъэбатэ.

ИлъэсыщIэм дытехьагъэххэу докIуэ. 2026 гъэм фIыкIэ дыщогугъ. Иджырей дунейм къыщекIуэкIхэр щыплъагъукIэ, студент щIалэгъуалэм я мыхьэнэр нэхъри зыхыбощIэ - дыщогугъ щыIэныгъэм и пIалъэ зыщIэхэр, щIэныгъэм и куупIэхэр къэзыIэтыфхэр, зэманым пщIэ хуэзыщIхэр нэхъыбэу къахэкIыну. Ар апхуэдэу хъумэ, щIыбагъым къыдэтхэр мамыру псэунущ, дунейми мамырыгъэм зыщиубгъунущ. Университетхэмрэ институтхэмрэ щеджэ, япэ илъэсыр езыхьэкI щIалэгъуалэр хэти дохутыр, хэти егъэджакIуэ, хэти уэчыл, хэти зэдзэкIакIуэ хъуну мэхъуапсэ. Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым, махуэщIыр нэхугъэм и дамыгъэу аращи, ар иремыуж ьыхьых.

ГъэщIэгъуэныращи, щIышылэм и 25-р гъэ еджэгъуэм и 21-нэ тхьэмахуэм и икIыгъуэм хуозэ, япэ илъэс ныкъуэм и сессиер щызэхуащIыж лъэхъэнэм тохуэ. Къэблагъэ махуэщIым гъэунэхуныгъэхэр ныбжьыщIэхэм псынщIэ ящищIыну, къащIа щIэщыгъуэхэм я гъуэгур бгъуэуэ зэлъыIуигъэкIуэтыну дохъуэхъу. ЩIэныгъэр мафIэу гущIэм къыщыблэху, гугъэм и кIапэр пIэщIэмыкIыу пIыгъщи, зыщыгугъыр здыхуеймкIэ яунэтIыфу ди щIаблэ дахэр дунейм тетыну Тхьэм жиIэ.

*Тхыгъэри сурэтри* **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*

# МелуанитIым щIигъуащ, нэхъапэм щымыIауэ

**Илъэс блэкIам къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым туристхэр къыщызэтеувыIэ хьэщIэщхэм, санаторэхэм, абыхэм хуэщIа нэгъуэщI ухуэныгъэхэм я бжыгъэм щыхэхъуащ - ахэр 627-рэ хъуащ. Абыхэм псоми зэхэту гъуэлъыпIэрэ тIысыпIэу мин 22-м щIигъу яIэщ. 2019 гъэм а бжыгъэр зэрыхъуар мин 15 иримыкъущ.**

АПХУЭДЭУИ, нэхъапэм щымыIауэ, 2025 гъэм республикэм къэкIуа туристхэм я бжыгъэр мелуанитIым щхьэдэхащ икIи абы ипэ ита илъэсым нэхърэ процент 13,7-кIэ нэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм ди щIыналъэм и турист инфраструктурэр егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ, къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм хыхьэу, лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирегъэкIуэкI. Абыхэм ящыщу капитальнэ ухуэныгъэу щымыт, псынщIэу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпхыж икIи бгъэIэпхъуэ хъу модульнэ унэ цIыкIухэм хуэдэхэр, псори зэхэту пэш 58-рэ яIэу, ухуэным хуэунэтIа инвестицэ пэхуэщIэу 7-р даIыгъащ нэгъабэ. Субсидиеу псори зэхэту сом мелуан 85,2-рэ а Iуэхугъуэхэм хухахащ, лэжьыгъэхэри дызэрыт илъэсым зэфIагъэкIын мурад щыIэщ.

КъищынэмыщIауэ, гулъытэ хэха хуащI илъэсым и сыт хуэдэ лъэхъэни лажьэ «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным. Экономикэ щхьэхуэ зиIэу щыт а щIыпIэм инвестору 29-рэ иджыпсту щолажьэ икIи инвестицэ ахъшэу къыхашам и куэдагъыр сом мелард 35-м ноблагъэ. Гугъэ щыIэщ, «Iуащхьэмахуэ» ВТРК-м и пэш фондым 4438-рэ иджыри къыхэхъуэну.

Къэрал мыхьэнэ зиIэ курорт щIыпIэу щыт Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэми къыхэхъуэ зэпытщ. 2025 гъэм Налшык щыIащ цIыху мини 156,4-рэ, абыхэм ящыщу цIыху мин 63-м курортхэмрэ санаторэхэмрэ зыщагъэпсэхуащ, я узыншагъэр щызэтрагъэувэжащ. ХьэщIэхэм я бжыгъэм къыщIыхэхъуэр инфраструктурэр зэрырагъэфIакIуэмрэ хьэщIэщхэр зэгъэпэщыжын лэжьыгъэхэм инвесторхэр жыджэру къызэрыхашэмрэщ.

Къалэн зыхуагъэувыжамкIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу санаторэ-курорт комплексым гъуэлъыпIэрэ тIысыпIэу мини 10-м нэблагъэ, уеблэмэ нэхъыбэ къыхагъэхъуэнущ, щыIэ санаторэхэр, хьэщIэщ комплексхэр къагъэщIэрэжкIэрэ щIэхэри яухуэкIэрэ, къитащ КъБР-м и Iэтащхьэм и МАХ-каналым.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




# Къалэдэсхэм я лъэIукIэ

**Налшык къалэм щаухуэ, ТекIуэныгъэм и паркым и япэ Iыхьэр къанэ щымыIэу зэфIагъэкIащ 2025 гъэм. Апхуэдэуи, УФ-м и ЛIыхъужь Тэмазэ Тимур и цIэр зезыхьэ уэрамым тет ШыкIуртIым аллеер зэIузэпэщ ящIащ.**

ХЭКУ зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъуам и щIыхькIэ яухуэ ТекIуэныгъэм и паркыр. Ар зыхуэзэр 2-нэ Тамань дивизием и цIэр зезыхьэ уэрамырщ, налшыкыпсым и Iуфэм деж. Паркыр Iыхьэ-Iыхьэу гуэшауэ щытынущ икIи абы хэтынущ ЛIыхъужьхэм я аллее, Аллее нэхъыщхьэ, Курыт аллее, нэгъуэщIхэри.

Нэгъабэ а щIыпIэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм хыхьэу лъэс лъагъуэхэмрэ зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэхэмрэ яубзыхуащ, плиткэхэр абыхэм иралъхьащ, мывэхэмкIэ кърагъэбыдэкIащ, жыгыщIэхэр щыхасэри, теплъэ дахэ иратащ.

ШыкIуртIым аллеер зэIузэпэщ ящIын хуейуэ абы щIэлъэIуар къалэдэсхэращ. 2024 гъэм ирагъэкIуэкIа интернет IэIэтым цIыху мин 15-м щIигъум абы щхьэкIэ Iэ яIэтат. А щIыпIэм метр 400-м щIигъу и кIыхьагъыу аращ икIи абы щыхасащ шыкIуртIыму жыг 60-рэ мэжджытжыг гуэрэну 40-рэ.

Мы аллеери Iыхьиплlу гуэшащ: лъэс лъагъуэ (плиткэхэр ярылъу, тетIысхьэпIэхэмрэ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэмрэ къыщегъэувэкIауэ, иджырей уэздыгъэхэр къыщыблэу), спорт утыку, сабий джэгупIэ, стIолыщхьэ теннисым дихьэххэм я плIанэпэ. А псор къызэщIиубыдэу, зыгъэпсэхупIэ, нэгузегъэужьыпIэ зэпэщхэр къалэдэсхэм ягъуэтащ.

Къэдгъэлъагъуэмэ, 2025 гъэм Налшык къалэм цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэу 14 зэIузэпэщ ящIащ. Мы гъэм абыхэм иджыри 7 къыхагъэхьэнущ. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.203 • Заказыр №94

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А